# HUPO HWAMWARI HUSINA KUCHERECHEDZWA

Zvino apo mhomho dzedu dziri diki, tichaedza ku—kukurumidza, tobuda kuitira kuti tigone. . .kushandira chinangwa chimwe chete ichi, kuti mucherechedze Hupo hwaJesu Kristu. Maona? Kana Ari pano, zvino, handiti, zvinhu zvose zvakaringana. Akagadzira Shoko. Ari pano kuzoRisimbisa. Anoratidza kuti AchaRisimbisa. "Anongori mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." TakaMuona achizviita manheru apfuura, pasina kukundikana; tinoMuona, husiku nehusiku, uye zuva nezuva, uye gore negore. Hapana kana nguva imwe chete yaAkambofanotaura chero chinhu, zvisinei nekuti ndezvarinhi, pazvichazoitika, kubva pazviuru zvakaitika, zveizvo zvaive zviri nemo-nemo, panguva, uye zviri izvo. Zvingadaro sei. . .? Vangani vanozviziva, uye vanoziva shumiro, uye vanoziva kuti ichokwadi? Hezvoka izvo. Hapana kana nguva imwe chete, zvisinei nekuti, zvaisakwanisika sei, zvakangoitika zvimwe chetezvo. Ivo ndiMwari! Uye kana tikangozvicherechedza, tozvibata!

2 Uye zvino tinongova nenguva pfupi yekuva pano. Ndinofunga humwezve husiku 3, kana kuti humwezve husiku 2 nezuva rimwe, mushure mehusiku huno. Ndinofunga Svondo masikati ndiyo shumiro yekuvhara. Tinoedza kuvhara neSvondo masikati kuitira kuti vafundisi nemunhu wese. . .Hatidi kukudzivisai kuenda kuchechi kwenyu. Tiri kungoda kuwedzera vamwezve kuchechi, uye nokukupai kutenda kwakawanda muna Mwari wamuri kushumira muchechi menyu. Maona? Uye hatidi kuti mikova yechechi ivharwe, nenzira ipi zvayo. Tinoda kuti mugare ikoko, asi tiri kungoedza kukubatsirai, kukukurudzirai. Rumutsiriro hazvirevi kuwedzera vamwezve kuchechi; rumutsiriro rwunoreva kumutsiridza izvo zvawagara unazvo kare; ndizvozvo chaizvo, rumutsiriro.

3 Ndakambotarisa pane imwe nguva pamahombekombe egungwa, uko mhepo yaivhuvhuta, zvino raingozunguzika. Handiti, akanga asiri mahombekombe egungwa, kwakanga—kwakanga kuri kumusoro kuLake Michigan. Ndaive ndakamira kunze uko ndakatarisa masaisai paaipinda, uye—uye, oo, gungwa iroro rakanga richisvetuka, kana kuti mvura yacho yaisvetuka-svetuka, ne—nezvikepe zvichitamba-tamba. Zvino ndakafunga, "Chii ichocho chiri kuitika?" Ndakafunga, "Handiti, dziva riri kuva nerumutsiriro." Ndizvozvo. Richisvetuka-svetuka nekuzunguzika, handiti? Pane mhepo inovhuvhuta nesimba iri kuuya zasi pamusoro

payo. Ndakafunga kuti, "Saka, unombozivei? Hamuna kana rimwezve donhwe remvura mariri izvozvi kupfuura zvaraive parakange rakanyatsodzikama." Hapana mvura yawedzerwa mariri; kungoti rabvongodzwa chete. Saka, zvino, chii chamutswa? Munoziva here kuti kubvongodzwa kwemvura kunoita sei? Kunosuka marara ese achibva mairi, oendesa kumahombekombe.

4 Ndizvo zvatinoda, kusukwa kwekusatenda kuchibuda, pamahombekombe. Shoko raMwari ngarive nehutongi. Ndizvo zvatinoda, rumutsiriro, uye rwugobvisa kusatenda kwese kunze, netumbuyu twese nezvekufungidzira zvemweya-mweya, nezvinhu. Wobuda woona kuti Mwari vachiri Mwari. Ndizvo zvatinoitira rumutsiriro.

5 Ishe vatibatsire patiri kusarudza rugwaro urwu nekurwuverenga manheru ano. Dai Ishe varopafadza kuverengwa kweShoko raVo, rinowanikwa muna Mutsvene Mateo, chi—chitsauko 12, ndima 38 kusvika 42.

6 Uye musoro wangu wenyaya manheru ano ndewekuti: *Hupo HwaMwari Husina Kucherechedzwa*. Husiku hwapfuura taitaura pamusoro paJesu ari mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye ndokuona kuti Akanga ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino Hupo hwaKe, kana Ari mumwe chete, haucherechedzwe. Ngativerengei.

> *Zvino vamwe* ve*vanyori navaFarisei vakapindura,* vachiti, Tenzi, *tinoda kuona chiratidzo* kubva *kwamuri*.
>
> Asi *akapindura akati kwavari,* Chizvarwa chakaipa chehupombwe chinotsvaga *chiratidzo;* uye hapana chiratidzo chichapihwa kwachiri, *asi chiratidzo chomuporofita Jona:*
>
> *Nokuti Jona sezvaakava mudumbu rehove huru mazuva 3 nousiku 3; saizvozvo Mwanakomana womunhu achava mazuva 3 nousiku 3 mumwoyo wenyika.*
>
> *Varume veNinivhe vachasimuka pakutongwa* nechizvarwa chino, uye vachachipa *mhosva: nokuti vakatendeuka nokuparidza kwaJona;* zvino, *tarirai, mukuru kuna Jona ari pano*.
>
> Uye *Mambokadzi weZasi achasimuka pakutongwa* nechizvarwa chino, uye achachipa *mhosva: nokuti akabva pamagumisiro enyika kuzonzwa kuchenjera kwaSoromoni;* zvino, *tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano*.

7 Hupo husina kucherechedzwa! Vanhu ava vangave vachifungei? Mwari vakagara, zvakagara zvakadaro nguva dzese dzaVanouya. Jesu paaiva pano kekutanga, Akati, "Imi—imi munoisa pendi chena uye munoshongedza madziro

nemarinda evaporofita, asi makavaisa imomo." Munoona, chimwe chinhu chinoitika, uye chotopfuura. "Uye Mwari vanozvivanza kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, uye vozvizarura kuvacheche avo vachadzidza." Jesu akatenda Baba nekuda kwekuita zvakadaro. Maona? Zvinopfuura nepamusoro pevanhu chaipo uye havazvizive.

8 Semuenzaniso, imi vanhu vechiKatorike pano manheru ano, munorangarira makore mashoma apfuura, Joan wekwaArc, muFrance, mudzimai mudiki akanga ari chaizvo . . . Akatungamira chimurenga muFrance, asi akanga ari chaizvo mu—muranda waKristu. Chechi yenyu yakaitei kwaari? Yakamupisa padanda, semuroyi, nekuti aiona zviratidzo uye aiva wemweya. Chechi yeKatorike yakamupisa, semuroyi, padanda, nekuti aive wemweya uye aiona zviratidzo. Makore mashoma akatevera, vakazoona kuti mudzimai iyeye aiva mutsvene. Saka zvechokwadi makava nekutendeuka kukuru, makafukunura mutumbi wevaprisita ivavo vakamupomera uye vakamupisa, ndokuikandira murwizi. Hongu, izvozvo, makava nekutendeuka kukuru nekuda kwaizvozvo, nekufukunura mutumbi wevaprisita ava.

9 Zvino, mumazuva evaporofita, chii chakaitika? Vakaita zvimwe chetezvo. Havana kuvacherechedza kusvika vainge vatoenda, shumiro yatopera, vakabvisa kubva ipapo Vasanangurwa, uyezve mushure mekunge vaenda vakacherechedza kuti pakanga paine muporofita pakati pavo.

10 Jesu, Akauya panyika. Aive azere maAri vaive Mwari Baba. "Ini naBaba vaNgu tiri mumwe. Baba vaNgu vanogara maNdiri. Handisi iNi ndinoita mabasa, asi Baba vaNgu. Uye Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda." Zvino, kana mukacherechedza paAkauya, kuda chikamu chi—chiduku kwazvo chepanyika chevaiziva kuti Akanga atori panyika panguva iyoyo, asi zvakadaro ari Muponesi wenyika. Uyezve havana kumbocherechedza kuti Aiva Ani, kunyange chechi kana mumwewo munhu, zvachose, kusvikira vaMuroverera pamuchinjikwa, avigwa, uye amuka nezuva retatu, vasati vatomboziva kuti Aive Ani.

11 Hunopinda nokubuda, uye vanhu havahucherechedzi kusvika hwapfuura, uye, ivo, nekuti hazvimbokwani padzidziso dzavo dzebhaibheri, hazvimbokwani nguva yezuva racho. Munoona, zvazviri, vanogara vachirarama muchadzera cherimwe zera, nguva dzose.

12 Chikonzero vasina kugamuchira Jesu, nokuti vakanga vachirarama muchadzera cheMurawo. Zvino Jesu paakauya, aisapesana neMurawo, asi akauya kuzozadzisa Murawo, zvino, havana kukwanisa kuMugamuchira nekuti Mharidzo yaKe yakanga isiri nenzira chaiyo yavakange vachizvitenda nayo, uye zvaidaidzwa ipapo kuti tsika. Zvino haAna kuuya

maererano netsika dzavo. Haana kuchengeta tsika dzavo. Uye zvechokwadi Akadzivhiringa, akadzibvarura, uye—uye akaita zvinhu zvaipesana nadzo, zvekutoti vakafunga kuti Ari kuputsa machechi. Uye havana kukwanisa kuMugamuchira nekuda kweMharidzo yaKe. Uye tose tinoziva nhasi kuti Akauya mugwara chairo rechiporofita chaMwari, asi havana kuzviziva ipapo.

13 Uye zvinogona kuitika zvakare, uye tototadza kuzviziva. Ndinofunga dai Aizonyatsoonekwa manheru ano, zvingave zvichipesana zvikuru nezvatakafungidzira pamachati edu, uye nemuzvikoro zvedu nezvinhu, vaizove vashomanana chete vaizocherechedza zvainge zviri kuitika. Akati zvaizova saizvozvo, mauyiro aAkaita.

14 Zvino, Jesu aripo achinyatsoziviswa muMagwaro kubudikidza neMagwaro, uye Vanyori nevaFarisei vezuva iroro havana kukwanisa kuMucherechedza. Sei vasina, sei vasina kuzviita? Nokuti vakanga vazvifungidzira neimwewo nzira. Ndipo apo Jesu akavaudza, "Nzverai Magwaro, nokuti maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiwo acho anopupura nezvaNgu." Maona? Zvino Akauya chaizvoizvo neMagwaro. Asi vakanga vazvifungidzira zvichida pakuti kana Aizouya, Mesiya zvichida aizoita zvakaitwa naMosesi, kana zvakaitwa naNoa, kuvavakira areka kana chimwe chinhu, chimwewo. Asi, chikonzero Akauya nenzira yaAkauya nayo, vakanga vasina kuzvifunga; muMagwaro netsika dzavo, hazvina kuvadzidzisa; saka vanhu vaive vakavhiringidzika kwazvo zvekuti vaisaziva zvaiitika.

15 Handizive kuti izvozvo hazvingaitikawo nhasi? Handizive kana zvingave zvakasiyana nezvatakadzidziswa netsika dzedu? Uye chinogona kuuya, uye chimwe chinhu chinogona kupfuura uye hatizombofi takaziva kusvika chatopfuura, uye zvadaro zvatopera. Ndizvo chaizvo nenzira yazvichaitika.

16 Munoziva here, Johane Mubhabhatidzi paakauya panzvimbo, uyo akanga akafanotaurwa nzira yose kubva muBhuku raIsaya, mazana emakore? Makore angangoita 800, Isaya akaporofita, ndinofunga, kuuya kwaKristu kusati kwasvika. Munoziva here kuti Johane akauya nenzira chaiyo iyo Isaya akati aizouya nayo, akauya nenzira chaiyo iyo Maraki akati aizouya nayo, uye kunyangwe vaapostora havana kuzvicherechedza? Rimwe zuva, muna Mateo 11, Johane akanga ari mutorongo; zvino vaapostora, vamwe vevadzidzi vake vakaenda kunobvunza Jesu kuti aive iYe waCho here, kana—kana kuti vaizofanira kutarisira mumwe.

17 Zvino cherechedzai, Jesu haana kumupa bhuku remazvibatiro avo. . .kuti aifanira kuzvibata sei ari mujeri, kana maitiro epahunhu hwake. Akati, "Garai pano muone zvinoitika, uye endai munoratidza Johane zvinhu zvamaona

zvichiitika." Ndihwo hwaive humbowo hwekuti . . . Aiva Shoko iroro.

18 Uye zvino rangarirai, Shoko rinouya nguva dzose kumuporofita. Tose tinozviziva. Mwari hapana chavanoita kunze kwekunge vachiratidza kuvaporofita vaVo. Ndicho chikonzero Bhuku reZvakazarurwa zvaJesu Kristu ndiro kuzara kwehuzaro hwaKristu ipo pano pamberi pedu, Bhuku racho. Zvino Vachatofanirwa kutumira mumwe kuti, mumwe munhu, kuti asimbise Bhuku iroro, oRizarura, ozarura Zvisimbiso, nezvimwe zvakadaro. Asi kana zviri zvechimwezve chizaruro chaKristu, chakatocherechedzwa ipo Pano. Ndiye huzaro hweiChi, hweChizaruro. Zvino cherechedzai, hazvimbokundikani, asi Shoko rinouya kumuporofita.

19 Tarisai Johane akamira mumvura, achifanotaura, muporofita, kuti Mesiya akanga ari chaipo pakati pavo. Akati, "Pane Mumwe akamira pakati penyu zvino, wamusingazivi; Achakubhabhatidzai neMweya Mutsvene neMoto." Zvino rangarirai, Akanga akamira pakati pavo chaipo, Bhaibheri rakataura kudaro, uye havana kuZvicherechedza. Rimwe zuva Jesu paakauya achifamba zasi ikoko, Johane akaMucherechedza, ndokuti, "Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika." Zvino tarisai, Asati acherechedzwa naani zvake, Akauya kumuporofita; Aiva Shoko, Johane aiva muporofita wacho.

20 Ndinorangarira mudzidzisi wangu wekare weBaptisti akandiudza, akati, "Unoziva zvakaitika?" Akati, "Jesu akabhabhatidza Johane."

Ndikati, "Handifungi kudaro."

21 Akati, "Chokwadi, Johane haana kumbobhabhatidzwa; akauya achiparidza, achibhabhatidza, hapana akanga akakodzera kumubhabhatidza. Jesu akamubhabhatidza."

Ndikati, "Handizive."

22 Zvino rimwe zuva ndiri mukamuri yangu yekunzvera, Mweya Mutsvene wakazvizarura sekudai, munoona. Tarisai, Akafamba achipinda mumvura; akati, "Munouireiko kwandiri? Ndinotofanira kubhabhatidzwa neMi." Jesu akati, "Rega zvive saizvozvo," tarisai, "asi kuti zvakafanira kwatiri (zvakatokodzera) kuti tizadzise kururama kwose." Johane, ari muporofita, achiziva Shoko! Chibairo chaAive ari, chaifanira kugezwa chisati chaunzwa; zvino Akabhabhatidzwa, Johane akaMubhabhatidza, nokuti, "Zvakafanira kwatiri kuti tizadzise kururama kwose." Shoko rakauya kumuporofita, mumvura.

23 Uyezve paAkabhabhatidzwa, nazvino vanhu . . . Zvino Mweya Mutsvene wakadzika pasi, haasi munhu wese akaUona. Johane akaUona.

24 Mutumwa waJehovha anogona kunge ari pano chaipo manheru ano, uye pamwe munhu mumwe chete anoMuona, uye posava nemumwezve.

25 Chiedza chiya, Nyeredzi iya yakauya napamusoro penzvimbo yega-yega yekuongorora zvemuchadenga, iyo yakateverwa neva—vachenjeri; hapana nzvimbo yekuongorora zvemuchadenga inoziva chinhu pamusoro payo, hapana mumwe munhu akaIona, zvachose, asi varume vachenjeri ivavo, nokuti zvakapiwa kwavari kuti vaIone. VakaIona. Yaive yemazvirokwazvo kwavari.

26 Apo Chiedza, Shongwe yeMoto, yakarovera Pauro pasi, panzira inoenda kuDhamasiko, akacherechedza kuti akanga ari muHupo hwaMwari. Zvino, muHebheru iyeye haaikwanisa kudana mumwe mweya kuti, “Ishe,” kunze kweizvozvo aiziva kuti ndiYo yaive Shongwe yeMoto imwe chete yakatungamirira vanhu vake kubva murenje. Akati, “Ishe, ndiMi Ani?”

“Sauro, Sauro, unoNditambudzireiko?” Akati, “Ndini Jesu.”

27 Jesu akati, “Ndakabva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.” Ndiye aive Moto uya waiva mugwenzi raipfuta, wakatungamirira Mosesi nemurenje, uye Akadzokera kwaUri.

28 Uye zvino hepano paaive, munzira achidzika kuDhamasiko, akaroverwa pasi. Uye vanhu vese vaiva naye, havana kumboona Shongwe yeMoto iyoyo. Uye Chakanga chiri mazvirokwazvo chose—chose kuna Pauro kusvikira Chakapofomadza maziso ake, uye akatozotungamirirwa zasi kumugwagwa unonzi Wakarurama, muDhamasiko. Aiva bofu.

29 Ananiasi, muporofita zasi uko, akaona muchiratidzo, akaenda akandoisa maoko pamusoro pake uye akagamuchira Mweya Mutsvene, zvino makwande ndokudonha kubva pameso ake uye akakwanisa kuona zvakare. Chakanga chiri chemazvirokwazvo chaiwo kwaari kusvikira Chakapofomadza maziso ake, asi zvakadaro hapana kana mumwe wavo akaChicherechedza kuti chaivepo, akakwanisa kuChiona.

30 Saka—saka ndizvo zvazvirí manheru ano! Pane mumwe munhu akagara ipapo anogona kuunza Mwari panzvimbo, apo mumwe munhu orega kuziva chinhu nezvazvo. Maona? Kucherechedza Mwari!

31 Zvino Jesu, paAive pano panyika, uye akanga aita zvizere chiratidzo icho Bhaibheri rakati Aizoita, asi havana kuchicherechedza nokuti chakanga chisiri maererano netsika yavo. Kuzera iroro, Aisauya kuzoita zvakaitwa naMosesi. Aifanira kuuya kuzoberekwa nemhandara. Uye iYe, uye maringe naDheuteronomio 18:15, Aizofanira kunge ari Muporofita. Uye chaizvo Akaita mabasa iwayo nezviratidzo.

32 MaJudha akagara achitsvaga zviratidzo. Vakadzidziswa kusavimba nekutaura kwenjere; maJudha aiziva zviri nani

kupfuura izvozvo. MaGiriki akazvidzidzisa izvozvo. Asi kwete kutaura kwenjere, asi pazviratidzo. "Tiratidzei chiratidzo." Vanhu ava, mumwe akati, "Rabhi, kana Tenzi, tiratidzeiwo chiratidzo." Vaida kuziva. Uye Akanga atovaratidza chiratidzo, asi vaida imwe mhando yechiratidzo chakasiyana, asi Aikwanisa chete kuita chiratidzo chezera iroro.

33 Ndizvo zvaAnoitawo nhasi, kudururwa uku kwoMweya Mutsvene chiratidzo chokuonekwa kwaKe kunyange muzera rino, sezvaAkavimbisa.

34 Vanoda chiratidzo, zvino Akanga avapa chiratidzo cheMagwaro, asi vaida chiratidzo chakasiyana.

35 Ndipo apo vanhu vazhinji kwazvo nhasi vachazovhiringidzika. Unoziva, Kubvutwa kunogona kuitika, uye ingofunga nezvekusuwisa kwazvo! Regai ndidzokere uko Jesu, kana . . .

36 Johane akatuma vadzidzi vake kuti vaone Jesu, kana Aive Mesiya kana kuti kwete. Nguva iyoyo, Akaita zvinhu zvakawanda. Paakadzoka, vadzidzi, kunoudza Johane zvavainge vaona, Jesu akati kune avo vaive vagere ipapo, akati, "Makanga mabuda kundooneiko murenje? Makanga mabuda kundooneiko apo Johane akanga achiparidza? Makabuda kunoona murume akapfeka nguwo chena, nezvimwe zvakadaro, kana—kana hanzu dzakapfava here?" Akati, "Ndivo avo . . . vari mumizinda yemadzimambo. Vanoviga vakafa, uye vanotsvoda vacheche, nekuchatisa vechidiki, nezvimwe zvakadaro, izvozvo. Havazivi kubata munondo unobatwa nemaoko 2."

37 Akati, "Makaenda kunoonei zvino, rutsanga rwunozunguzwa nemhepo yese-yese, mumwe munhu, rimwe boka richamupa kamari kakawedzerwa uye iye achaenda kune *irori* pachinzvimbo chekuenda maringe nekudana kwaShe? Kwete Johane! Mumwe munhu anogona kumunyengetedza, oti, 'Tichakupa zvakawedzerwa kana ukaramba *Izvi* uye wotora *izvi*'? Kwete Johane!" Akati, "Makaenda kunoonei zvino, muporofita here?" Akati, "Ndinoti kwamuri, 'anodarika muporofita.' Uye kana muchigona kuzvigamuchira, uyu ndiye akataurwa nemuporofita kuti, 'Tarirai, Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, achagadzira nzira.'" Uye aive Maraki 3, paakazviita.

38 Rimwe zuva vadzidzi vakaMubvunza, vakati, "Sei Vanyori vakati Eria anofanira kuuya kutanga?" Jesu akati, "Akatouya kare uye hamuna kuzviziva," uye vakanzwisisa kuti akanga ari Johane Mubhabhatidzi. Vaapostora ivavo vakasarudzwa zvakadaro havana kukwanisa kuona kuti aiva ani. Aiva Eria.

39 Zvino tarisai. Munoziva, ku—Kuuya kwaShe kuchava kuuya kwakavanzika. Akati, "Pachave ne 2 pamubhedha, uye Ndichatora 1 ndosiya 1," ndiko uko kunenge kuri hu—husiku. "2 mumunda, Ndichatora 1 ndosiya 1."

40 Unoziva, kune vanhu vakawanda vanongoshaikwa zuva nezuva, vachibva pachiso chenyika, vekuti hapana anoziva kwavari. Rimwe remazuva ano zvinogona kuitika kuti vanhu vanogona kuti, "Zvino, munoreva here kuti kutambudzika, chinhu chacho chatova patiri zvino? Ndaifunga kuti Chechi yaizoenda kutambudzika kusati kwasvika." Havacherechedze nekunzwisisa kuti Kubvutwa kunogona kuitika uye voshaya chavanozoziva nezvazvo; kuenda kwakavanzika kweChechi.

41 Uye, fungai, vanhu vachaenderera mberi vachiparidza, vachiti vanotenda kuti vari kuponeswa, uye vachiwedzera muchechi, nekuvaka machechi, nekuenderera mberi sezvavakangoita mumazuva aNoa, nezvimwe zvakadaro, uye vasingazvizive; uye Kubvutwa kwakatopfuura, "kwakatoitika uye hauna kuzviziva." Kune mazana evanhu vanongoshaikwa panyika uye vanhu vorega kuziva chinhu pamusoro pekwavakaenda, havazive kuti chii chakaitika; mumwe munhu aienda kune imwe nzvimbo, havazombonzwi kubva kwaari zvachose. Zvino ikoko kunogona kunge kuri Kubvutwa.

42 Ndinokuudzai, shamwari, nekuda kwekuti tiri nhengo dzechechi, kana chimwe chinhu chakadaro, hazvirevi zvakanyanya kwatiri. Zviri nani kuti unyatsosunga nhumbi dzokurwa nadzo idzodzo. Zviri nani utore Shoko rose raMwari wobatirira paRiri, worega kuita zveHollywood iyi ipo pano. Yapinda muchechi chaimo, uye zvinonyadzisa. Asi Hollywood inobwinya, inongoita chiedza chakajeka, uye chechi nhasi iri kuedza kuzvienzanisa neHollywood. Kristu haasi muHollywood. Kristu ari mudungamunhu. Hollywood inobwinya kana kuti. . . Hollywood inopenya, apo Evhangeri inobwinya nekuninipa. Mwari havasi munzvimbo huru idzi dzakanaka dzinoyevedza nezvinhu zvose izvi zvatinoona. Vanouya mukuninipa, muchimiro chehunyoro nekupfava, votopfuura nepo chaipo, asi kana uchiziva Shoko, uchazviona.

43 "Uyo ane ziso, rekunzwa, ngaanzwe zvinorehwa neMweya kumakereke," munoona, zvino, zvino nhasi.

44 Akaziviswa, AkaZvizivisa zvakakwana kuvatendi muzuva iroro, avo vaizvitarisira. Tarisai Petro naAndrea, tarisai Natanieri, pasina mubvunzo mupfungwa dzake, tarisai mudzimai patsime, pakanga pasina mubvunzo pazviri.

45 Asi vaFarisei ava, mazuva mashoma kumashure apo rugwaro rwedu rwuri manheru ano, vakaMuona achiita izvozvo, ndokubva vaMudana kuti "Bherizebhabhu, dhimoni." Mabasa akanga aitwa. Vaifanira kupindura ungano yavo, saka chinhu choga chavaigona kuita kuzvidaidza kuti "mweya wakaipa." Bherizebhabhu aiva dhimoni, semuuki kana chimwe chinhu. Uye chero ani zvake anoziva kuti kuuka ndekwadhiyabhore. Uye vaienzanisa, apo paAiva Shoko raiziva zvakavanzika zvemoyo uye ari—uye ari kuratidza kuti Aiva Muporofita uya

aizomutswa kwatiri muzuva rino, Muporofita aive Mudzikinuri; zvino paAkaita izvozvo, chechi muzuva iroro yakaMuti aive "Bherizebhabhu."

46 Munoona zvavaive? Akati, "Muri mapofu, anotungamirira mapofu." Havazopindi, uyewo havazobvumiri vari pasi pavo kuti vapinde.

47 Chatinoda kuita nhasi kutsvaga Chokwadi. Tinofanira kuziva Chokwadi. NdiYe mumwe chete here? Ari pano here kuzadzisa zvaAkavimbisa kuzadzisa? Nzverai Magwaro uye muone zvaAnofanira kuita nhasi.

48 Ndicho chikonzero John Wesley, kana kuti, Martin Luther asina kukwanisa kuenderera mberi nemharidzo yaWesley; vakaiita sangano, ndipo poga payaigona kusvika. Ndokubva kwauya Luther, kubva muchechi yeKatorike, uye iye ivo. . . Akanga ari mupengo, kwavari; asi aive nemharidzo yekururamiswa, nokuti Rakanga riri Shoko raMwari, vimbiso. Zvino ivo, mushure mekufa kwake, vakaita sangano raLuther. Zvino chii chakaitika? Rakabva rachiti undundu zvakare.

49 Uye maererano neGwaro panofanira kuva nerimwe zera rechechi rinosimuka, uye, parakadaro, Zera reChechi yeFiradherfia rakasimuka, John Wesley. Zvino zvakanga zvaitika, rakaramba richiuya kumadokero nguva dzose. Zvino pazvakaitika, paive nezera rechechi, uye John Wesley akasimuka, asi Luther haana kukwanisa kuzvigamuchira nokuti vakanga vatoita sangano kare pakururamiswa. Akanga asingakwanise kugamuchira kucheneswa.

50 Zvino maHwisiri pavakaita sangano nenzira yavakaita, uye matavi madiki akabvapo, ayo akadaro, kwakazouya mharidzo yePentekosti yekudzoreredzwa kwezvipo; hapana kana mumwe wavo aigona kufamba, vakanga vatoita sangano kare.

51 Zvino chikamu chinosiririsa chacho ndechokuti, maPentekosti akanyatsoita sangano.

52 Tarisai zuva ratiri kurarama mariri, zvakavimbiswa zuva rino. Tiri papi? Tatofamba tichienda mberi. Shongwe yeMoto inofamba, uye vana veIsraeri vakafamba neShongwe yeMoto kana kuti vakadzokera kuEgipita. Tinofanira kufamba neShoko.

53 Uye nhasi tiri kuita usimbe kwazvo, chechi iri kuva yenyika kwazvo uye isina hanya, uye saka pfungwa dzavo dzakavhiringika kwazvo neterevhizheni, na *We Love Susie* nezvimwe zvezvinhu zvekare izvi, uye nekugara kumba. Zvinoratidza pane moyo yevanhu. Uye unogona kuvaudza kuti zvinhu izvi zvakaipa, uye vanofunga kuti unopenga. Chii ichocho? "Vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari." Maona?

54 Oo, mufaro mukurusa wandinoziva nezvawo, kunge ndonamata kusvikira ndacherechedza kuti ndiri muHupo

hwaMwari, uye ndozvicherechedza. Ndinofunga kuti icho chinofanira kuva mufaro weChechi, iHupo hweMweya Mutsvene; tichiona Mwari vakaita vimbiso vakamira pakati pedu, tonzwa Hupo hwaVo uye toona Shoko raVo, uye toRiona richisimbiswa. Zvinofanira kupa kutenda, kuita kuti zvirema zvifambe, mapofu aone, matsi dzinzwe, mbeveveve dzitaure.

55 Ndakamira muSouth Africa, uko kwandaiva nevanhu 200,000 munhandare yemujawe yekuDurban, uye pavakaona nguva imwe izvozvo zvaitika saizvozvo, mushure mekuzvitsanangura kwavari, nenzira diki yakangoreruka; zvino vakaona chinhu chimwe chete chichiitika, chaizvozvo chichizarurwa, zvino vanhu 25,000 vakapodzwa pakarepo panguva imwe chete. Vakazadza marori 7, marori akareba sokubva *pano,* ane mavhiri 6- neane 18 saizvozvo, ndokuazadza nemadondoro ekare nezvinhu. Vahedheni, vaisatomboziva kuti ruoko rwerudyi nerweruboshwe nderupi.

56 Zvino zuva rakatevera, VaSidney Smith, meya weDurban, vakandifonera ndokuti, “Endai kuhwindo renyu, kunze kwakanangana nekuIndian Ocean, muchaona chimwe chinhu chamusati makamboona.” Kwaiva nemapurisa aiperekedza vachiuya zasi nemarori makuru 7 aye aive akazara nezvinhu, nemazana evanhu vaifamba shure kwawo, zuro wacho vaive mumasitirecha nepanhowo nemakeriya avaive nawo, vachiimba, “Tenda chete, zvinhu zvose zvinogoneka.” Vhiki rekumashure kwacho, ikoko, vaive vachirwisana, hondo yevatema veko. Uye hapo pavaive vachifamba, vakabatana maoko, vakabatana zvanza.

57 Sei? Vakacherechedza kuti Mwari veKudenga vakanga vaonekwa pamberi pavo muchimiro cheShoko raVo. Isu vemuAmerica venjere tinogara; vachamuka neZuva reKutongwa uye vopomera chizvarwa chino, nokuda kwezvatakaona.

58 Zvinondirangaridza nezvemumwe mudzimai muLouisville, Kentucky, nguva shoma yapfuura, aiva nemwana mudiki, achitenderera muchitoro chemukambo. Zvino akanga achiita zvinhu zvidiki, achiedza kumuita kuti acherechedze, zvino mwana mudiki akaramba akatarisa kwakadaro. Uye pakupedzisira akatora bhero diki, chero chinhu chinofanira kukwezva meso emukomana muduku wezera rakada kudaro. Zvino akazunguza bhero, zvino muchinda mudiki akangoramba akati ndee kumberi chaiko. Zvino akatanga kuzhambatata, ndokuwira pasi, zvino vamwe vevanhu vakauya kuzomubatsira. Akati, “Oo, kwete, hazvigone kudaro! Hazvigone kudaro!”

Vakati, “Chii chanetsa?”

Akati, “Chiremba ati mwana ave nani.”

Ndokuti, “Chii chiri kunetsa pamwana, amai?”

59 Akati, “Zvino, ane zvakamubata inenge mwedzi 6 yapfuura, zvekuti anongogara pasi oramba akati ndee. Zvisinei nekuti chii,

chinofanira kukwezva meso emwana iyeye, hachikwezve meso ake, zvino anongogara oramba akati ndee. Chiremba andiudza kuti anofunga kuti ave nani. Zvino ndauya naye zasi kuno, kuti nditore midziyo midiki inofanira kukwezva meso emwana iyeye, asi haidaro. Achiri kuramba akagara uye akati ndee."

60 Ndizvo zviri kuita chechi! Mwari vakazunguza vimbiso dzese dziri muBhaibheri pamberi pavo, zvakadaro tinongogara toramba takati ndee. Totarisa chii? "Ndiratidzei chiratidzo, hamungadaro here?" Uye zviri kuitika nguva dzose pose patiri chaipo. Zvichiunza Hupo hwaMwari, zvinofanira kutivhenekera. Mwari pavakaita vimbiso, Vanomira nevimbiso iyoyo. Hongu, changamire.

61 Mushure mokunge Jesu aratidza chiratidzo chaKe chaMesiya, kuti Akanga ari Mesiya wacho, asi pamberi pezvose izvozvo, "Tiratidzei chiratidzo." Munoona, havana kucherechedza, vainge vachiramba vakatarisa mberi kwavo chaiko. Zvakanga zvisiri mavari kuti vatende.

62 "Iwe," sezvaitaurwa naamai vangu vekuchamhembe, "haungabuditse ropa kubva muturnip, nekuti harimo imomo."

63 Zvakadaro havana kuMucherechedza, vakapofomadzwa kwazvo nezvitendwa zvavo ne—ne—nezvimwe zvakadaro, zvavaive nazvo zuva iroro. Havana kumboziva Magwaro echipikirwa, nekuti zvitendwa zvakanga zvaafukidza. Zvitendwa zvavo netsika zvezuva iroro zvakanga zvafukidza vimbiso yeMagwaro. Kana vainge vakadzidziswa maererano neMagwaro, kuti ndicho chaifanira kuva chiratidzo chaitevera Mesiya!

64 Vangani vanotenda kuti Akauya muchiratidzo chaKe chaicho? Chokwadi, Akadaro, Akauya maererano nevimbiso. Asi vakanga vakadzidziswa chitendwa, "Tinotenda mune *izvi,* uye tinotenda mune *izvo.* Vose zvavo vanotenda muna Mwari. Vose zvavo . . ."

65 Nhasi, isu vemuAmerica, kunyanya, tinofunga kuti tichapembedzwa nekuti tinovaka machechi makuru, uye tova nevafundisi vakanaka nezvimwe. Rangarirai, kana zvainge zvakadaro, Mwari havana nduramo kana Vakatipinza saizvozvo; nokuti, Kaini naAbheri, vanamati 2 vokutanga kunze kweEdheni, vakavakira Jehovha artari, vari vaviri vakaita chipiriso, vari vaviri vakapa zvipo, vari vaviri vakanamata, asi mumwe ainge akarurama uye mumwe wacho akanga asina kunaka. Cherechedzai, tinofanira kuva neChokwadi, uye Chokwadi iShoko raMwari, nguva dzose. Zvino ndizvo zvimwe chete nhasi, vanhu vanova vakapofomadzwa kwazvo. Vanoti . . .

Ndinoti, "Uri—uri Mukristu here?"

66 "Oo, ndiri wechinhu chakati-chakati." Munoona, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Handina chandinopesana nazvo, asi handizvo zvandiri kuedza kukuudzai. Iva nhengo yechechi ipi

zvayo yaunoda. Mhando yemuchiso wako haina kana mutsauko wainoita.

67 Ndanga ndichiudza mufundisi mangwanani ano. Kumusoro kuColorado ndaisitasva ndichikokorodza mombe, nezvimwe zvakadaro. Zvino ndaisigara ipapo, gumbo rangu riri pamusoro pechigaro, so*kudai*. Zvino veTroublesome River Hereford Association vanofudzira muTroublesome River Valley. Wobva wakwidza kumusoro kwemupata, unowana rukova rwekumabvazuva nerwekumadokero. Mombe dzese dzinobva *kuno* zvichikwira, muAssociation, dzinofurira kurukova rwekumadokero; uye—uye boka randaive naro, raifudzira kurukova rwekumabvazuva. Zvadaro vaiva nefenzi inochengetedza ikoko kuti mombe dzisapinde munzvimbo dzevanhu, uye kumusoro nemumakomo nekupfuura nemunguva yezhizha.

68 Zvino taikokorodza mombe, dzine michiso 4 kana 5 yakasiyana, michiso 8 kana 10 yakasiyana, parwizi, taikokorodza mombe dzedu mupfumvudza, todziendesa kumusoro ikoko. Zvino ndaisigara ipapo, gumbo rangu riri pachimubato chechigaro, mushure mekunge tatora mombe dzose, dzese dzaive dzakaiswa michiso nezvese, ndichidzidzosera kumafuro.

69 Zvino sapurazi akamira ipapo. Akanga achidziverenga padzaipfuura. Zvino ndakacherechedza kuti paiva nemhando dzose dzemichiso. VaGrimes vaiva ne—ne—neDiamond Bar, uye nechekumusoro kwedu vaiva neTurkey Track, taiva neOld Tripod, uye kwaive nemhando dzemichiso yakasiyana-siyana dzaipfuura neipapo. Asi sa—sapurazi haana kucherechedza muchiso wacho. Akacherechedza chikwangwani cheropa munzeve. Hapana yaigona kuenda kumafuro iwayo, kuita kuti mapoka ezvekuchengetedzwa kwerudzi rwemombe, vanochengeta mombe dzavo dziri dzerudzi irworwo bedzi, hapana yaigona kuenda ikoko kunze kweyerudzi rweHereford bedzi. Yaifanira kuiswa chikwangwani munzeve, nemucherechedzo weropa.

70 Ndizvo zvazvichava paKutongwa. Havasi kuzondibvunza kana ndaive mu—muMethodisti, Baptisti, Presbyteriani. Kuti imhandoi yemuchiso wandinawo hauna zvaunoreva kwaVari. Hapana chimwe kunze kweMukristu akaberekwa patsva, akaberekwa neRopa raJesu Kristu, ndiye wacho achazopinda. Hapana chimwe chisiri ichocho chichapinda. Zvino tinoda kurangarira, kurangarira izvozvo.

71 Zvino, kana Vasingacherechedzwi, simba raVo rino-. . . nguva dzose harizarurwe, kana Vasina kucherechedzwa. Zvisinei kuti Mwari vakamira zvakadini pano, unofanira kuzvitenda. Ndizvo zvoga.

72 Semudzimai aibuda ropa. Vanhu vose ivavo vachipfuura nepo, uye navose vakamira, vachiti, "Hoyoka Rabhi achienda. Ndiye Muchinda anozviti Muporofita. Uyu ndiye mupengereki wacho," uye nezvose zvakadaro.

73 Asi chii chakaitika? Mudzimai muduku uyu akanga aine dambudziko rekubuda ropa, uye akanga anzwa nezvaKe. Zvino paakauya zasi ikoko, zvisinei nekuti mumwe munhu akati chii, akacherechedza kuti Aiva Ani. Zvino akati, "Kana ndikangogogona kubata nguwo yaKe!" Maona?

74 Uye kutenda ikoko kwechokwadi, muna Mwari, pakwakava chinhu chemazvirokwazvo kwaari, kwakatupfunura chii? Kwakatupfunura simba raKe rekumupodza. KwakaMubata nenzira yekuti, Akatendeuka ndokumuudza zvainetsa paari, akati, "Kutenda kwako kwakuponesa." Chii chakazviita? Kutenda!

75 Vamwe vaive vakamira ipapo vanogona kunge vairwara kudarika mudzimai uyu, asi, munoona, akacherechedza Hupo hwaKe. Akaziva kuti ndiwo waiva mukana wake.

76 Dai tikangokwanisa kuita izvozvo manheru ano, vanhuwee! Dai tikangokwanisa kucherechedza kuti Ari kuzviratidza kwatiri mumisangano ino, nechinangwa chimwe chete, chinova, chokutupfunura zvishuwo zvedu zvatinazvo maAri, kwatiri. Asi tinofanira kucherechedza Hupo hwaKe. Uye zvino kucherechedza kwaunoita Hupo hwaKe, ndipo apo Shoko rakavimbiswa rezera *rino* parinoratidzwa, kwete Shoko rakavimbiswa rezera raMosesi, kana rimwe remamwe mazera, vimbiso yeShoko yezera *rino*!

77 Zvino tinoona kuti Akatoenderera mberi. Zvino Jairosi, muchinda mudiki kumusoro uko aine mwanasikana aive afa, mwanasikana, akatenda zvaAkataura kuti chaiva Chokwadi. Zvino rangarirai, akanga ari muprisita, uye akarambidzwa, nokuti zvakanga zvataurwa zvakasimba kuti, "ani naani anowadzana naYe aizodzingwa musinagoge." Zvino, kuve akadzingwa kana kuti kwete, aive akagutsikana kuti Mwari vaivepo muna Kristu, uye ndiro raiva Shoko. Uye rakaitei? Rakatupfunura kwaari simba rerumuko rakanga riri maAri; ameni, rikaunza musikana akanga afa, uye akatoradzikwa, nokuti akacherechedza kuti Mwari vakanga vari muna Kristu, uye Hupo hwaVo hwakanga huri mumba make.

78 Asi muguta raAkakudzirwa, simba rimwe chetero raiva maAri, muguta raAkakudzirwa, asi havana kumboMucherechedza. Hupo hwaKe, kwavari, hwaisareva chinhu; pamwe mumwe mupengereki. "Zvinhu izvi zviripi? Vanondiudza kuti Unoita *zvakati-nezvakati*. Rega ndiKuone uchizviita pano."

79 Hamuna kumbozvinzwa here izvozvo? "Kana pane... Imi boka remapentekosti, nemi vanhu, avo, munotenda

mukupodza kwaMwari? Heunoka *nhingi-nhingi* ari neche apa, ngandikuoneka uchimupodza."

80 Ndidhiyabhore mumwe chete uya wekare, mumwe chete akati, "Kana Uri Mwanakomana waMwari, rayira matombo aya kuti aitwe chingwa."

81 Dhiyabhore mumwe chete wekare, paakavhara maziso aKe, vakaMurova mumusoro nechimuti, ndokuti, "Zvino," ndokutambidzana chimuti, mumwe kune mumwe, ndokuti, "tiudze kuti ndiani aKurova, zvino tichazokutenda kana Uri Muporofita." Haana kana. Haana munhu waanoitira dambe. Hongu.

82 Mumwe cheteye, paAive pamuchinjikwa, akati, "Kana Uri Mwanakomana waMwari, buruka kubva pamuchinjikwa uratidze kuti Uri Mwanakomana waMwari." Aigona kunge akazviita.

83 VakaMupa ruremekedzo rwukurusa rwaAkambova narwo, ipapo, asi havana kuzviziva. Vakati, "Akaponesa vamwe; iYe pachezvaKe haagoni." Dai ainge AkaZviponesa, angadai Asina kukwanisa kuponesa vamwe. Akazvipa pachaKe kuitira kuti Agoponesa vamwe. Munoona, havana kucherechedza Hupo hwaMwari. Ndizvo zvoga.

84 Zvino zvinosunungura simba rekupodza, uye nechii? Zvichasunungura simba rekuvhura maziso ako kuti uMucherechedze, kana kupofomadza maziso ako kuti usazomboMucherechedza. Chinovhura maziso emumwe, chinovhara maziso euyo asingatende.

85 Asi, guta racho, vakanga vasina ruvimbo maAri. Kumba kwemuFarisei, akaMukoka zasi; kwaSimoni, muFarisei, uye akanga agadzira kudya kwemanheru kukuru, uye muFarisei aida kuratidza kwavari kuti Akanga asiri Muporofita. Saka akanga ari kumashure ikoko achisimudza magirazi ake nemidziyo yake yokunwira, nezvinonhuwira zvakanaka zvose zvaiva mumba.

86 Zvino Jesu akanga apinda akapfuura mugezi wetsoka, uye akange atogara pasi apa. Uye, akasviba, kunhuwa kwesa—sango kuri paAri, umo mhuka dzakanga dzambofamba nemunzira, nepahanzu dzaKe. Ndicho chikonzero vaigeza tsoka mumazuva iwayo.

87 Uye, munoona, chinhu chekutanga, paunokokwa ku—kumba uko muParastina, pavaipfeka masandara aye, chinhu chekutanga chavaiita kwaiva kugeza tsoka dzako, uye zvadaro vozokupa chimwe chinhu; kufamba pamakapeti avo, maragi makuru ekuPersia nezvimwe, zvaive zvakanaka.

88 Chinhu chinotevera chavaizoita, vaizobva vakupa mafuta muruoko rwako. Anobviswa mune rimwe apurosi diki rinowanikwa kure mugomo, apurosi rerozi. Mushure mekunge ruva rerozi rapera, rinosiya apurosi racho nezvinonhuwira

zvakanaka. Zvino vano—vanorikwiza kumeso kwavo. Uye mirazvo iyoyo yezuva rekuParastina yakashata zvikuru, uye, munoona, zvinogadzira kahwema. Uye—uye kana wadaro, zvino samusha anouya pamusuwo ovatsvoda pamutsipa ovagamuchira.

89 Vagezi vetsoka ivavo vakarega sei Jesu achipfuura, vasina kugeza tsoka dzaKe kana—kana—kana kuMupa mafuta kuti aZvizodze, kana kutomboMutsvoda achimugamuchira?

90 Asi paiva nechipfeve chidiki kunze mumugwagwa. Vese vaye vechitendero ipapo zvino, boka rese harina kuMucherechedza. Zvino mumwe mukadzi mudiki aiva nemukurumbira wakashata, akatarisa mukati, zvichida napagedhi, ndokuMuona akagara angori kwake ega.

91 Ndizvo zvaAri nhasi pakati pemapoka ezvitenderowo zvakare, angori kwake ega, asina kugamuchirwa, asiri kudiwa. "Tsvina, akasviba, muumburuki mutsvene," vanoZvidana, "imwe mhando yemumwe—mumwe munhu anopenga; muuki, kuverenga pfungwa," kana imwe mhando yezita rakaipa.

92 Zvino Jesu, ndichasvika kwazviri mumaminitsi mashoma, akati, "Ukataura shoko rimwe chete rinopesana neMwanakomana wemunhu, uchazviregererwa; asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoita zvimwe chetezvo, shoko rimwe hauzomboriregererwi." Maona?

93 Asi ipapo mudzimai mudiki iyeye akaona kuti Aida kushumirwa. Zvino akamhanyiramo nekukurumidza chaiko, akaenda akandotora bhokisi rearabhasta rizere nemafuta. Zvichida akanga aatenga nemari yakabva muchipfambi chake. Asi chaiva chii? Anogona kunge akafunga, "Iye—Iye Muporofita. Asi ndinorangarira mumwe mudzimai aiva mudambudziko rangu, mumwe ane hunhu sehwangu; akava nemukana uye akaMucherechedza, uye akaregererwa." Kumusoro uko patsime reSaika, takataura pamusoro pazvo manheru apfuura. "Uye kana ndikangokwanisa kusvika kwaAri, ndinoziva kuti ndiYe Ani, ndichaMushumira. Kana vamwe vose, handina basa nezvavanoita. NdichaMushumira. Ndichacherechedza kuti ndiYe Mwanakomana waMwari."

94 Akamhanyira mukati. Asvika pedyo chaizvo naYe, uye akanzwa mhosva kwazvo. Ndiwo manzwiro anoitwa nemutadzi chaiye ari kutendeuka ari muHupo hwaKe, anonzwa mhosva!

95 Zvino misodzi yakatanga kudonha, uye aiedza kuivanza. Yakawira patsoka dzaKe. Akanga ari kuzoMuzodza, asi misodzi yaiwira patsoka dzaKe. Zvino akatanga kuipukuta, ne—nekuchema, ne—nekuipukuta nemaoko ake. Uye—uye tsoka dzaKe dzakanga dzichitosviba netsvina yaive padziri; uye—uye kana uchinyatsoda kuzvitenda, nekunhuwa kwemhuka kuchibva munzira, munhu wese aifamba nenzira imwe cheteyo. Uye hapoka pazvaiva, kunhuwa kwaive paAri, akagara ipapo,

uye misodzi yemukadzi yaiwira patsoka dzaKe, uye akanga achiedza kudzipukuta. Zvino akanga asina tauru.

96 Runako nerukudzo rwemudzimai chii? Ibvudzi rake. Ndicho chikonzero vazhinji venyu madzimai nhasi muchirigera rese. Zvakaipa. Iye—iye akatora bvudzi rake ndokutanga kugeza . . . tsoka dzaKe, akadzipukuta, bvudzi rake—rake rakanaka, achibvisa kunhuwa kubva paAri, achiisa paari iye, achitakura kunyadziswa kwaKe. Oo, ini zvangu! Ndipo paunocherechedza kuti ndiAni ari muhupo hwako. Maona? Hanzvadzi dzedu dzaitozofanira potse kumira nemisoro yadzo, kuti dziwane bvudzi rakakwana kuti dziite izvozvo. Saka ipapo akageza tsoka dzaKe, ndokudzipukuta nebvudzi remumusoro wake, zvino akatsvoda tsoka dzaKe.

97 Zvino mutana Simoni iyeye akamira kumashure uko, akati, “Huh! Huh!” Oo, ndiri kutongomuona achiputika. Haana kucherechedza kuti Aive Ani. Akati, “Ndakakuudzai kuti Aive asiri Muporofita. Dai Aiva Muporofita, Aizocherechedza mhando yemudzimai ari paAri.”

98 Jesu haana kumbofambisa tsoka imwe. Akangomutarisa. Zvino mudzimai akanga achitya.

99 Zvino mushure mekunge Apedza, mudzimai achishumira kwaAri, Akatarisa, akati, “Simoni, Ndine chimwe chinhu chekutaura newe. WaNdikoka pano. WaNdiunza pano,” nemamwe mashoko, kurova imbwa akaviga mupinyi. “Wanga uchida kuNdinyadzisa. Wanga uchida kuratidza kuti haNdisi zvaNdiri. Uye iwe, pawaNdiunza pano, ungadai waita kuti tsoka dzaNgu dzishambidzwe, asi hauna kumbozviita. Wanga uchifanira kuNdipa mafuta ekuzodza musoro waNgu, asi hauna. Hauna kumboNditsvoda uchindichigamidza. Zvino mudzimai uyu, kubvira zvandanga Ndiri pano, ageza tsoka dzaNgu nemisodzi yake, ndokudzipukuta ne—nevhudzi rake, zvino aramba achitsvoda tsoka dzaNgu kubva zvaNdanga ndiri pano. Ndine chimwe chinhu chaNdinopesana newe, Simoni.”

100 Ndokubva Atendeukira kumudzimai. Ndinogona kungofungidzira ndichimuona akamira ipapo, uye maziso ake makuru akanaka asviba, pamwe nechiso chake, uye uko aive nemafuta ne—neguruva rakabva mumugwagwa, pachiso chake. Zvino anofunga kuti, “Zvino ndakanganisa here? Ndakanganisa here?”

101 Akati, “Uye Ndinoti kwaari, ‘zvivi zvake zvinova zvizhinji, zvose zvaregererwa. Enda murugare.’”

102 Chaiva chii? Akacherechedza. Akacherechedza mukana wake. Maona? Akazviita. AkaMushumira. VaFarise havana kuzviita. Akazviona uye akacherechedza Hupo hwaKe, zvino zvakaitei? Zvakashambidza. Zvakatupfunura chii kwaari? Kukanganwirwa. Zvakatupfunura kwaari, kukanganwirwa kwezvivi zvake. Zvakaiteiwo zvakare? Zvakatupfunurawo

simba raMwari, kuratidza kune vasingatendi ivavo kuti Aiva Muporofita. Aiziva kuti mudzimai aiva ani. Zvakatupfunurawo zvakare mufaro nesimba neHupenyu Husingaperi. Zvakatupfunura izvozvo.

103 Asi uyo akaita kuti chipikiri chikuru chikomererwe mutsoka dziya dzinokosha, haana kumbocherechedza Hupo hwaMwari maAri. Aitodawo zvakare kuti Amuitire rimwe saramusi rakachipa, imwe varaidzo.

104 Ndizvo zvinodiwa nenyika, nhasi, zvimatutu zvevaraidzo. Haidi Evhangeri. Vanoda kuvaraidzwa.

105 Zvino Pirato akati, "Ndinoda kushuvira chishamiso kubva kwaAri, kana chimwe chinhu chakadaro. Muunzei kumusoro kuno." Chaimo muHupo hwaMwari, ndokuHuramba, nokuti (chii?) kuti akakoshesa ma—maonero eruzhinji kudarika kukoshesa kwaakaita kuva nemukana wekuva muHupo hwaMwari. Chii chakaitika? Mudzimai akaregererwa, uye akapihwa Hupenyu Husingaperi; asi iye akarasika njere dzake ndokupenga, ndokuzviuraya nekuzvinyudza muSwitzerland.

106 Zvino, akaita hanya, akanyatsobatikana nemaonero aifarirwa ezuva iroro, okuti, "Akanga ari Bherizebhabhu; Aingova wekunyebedzera; pakanga pasina chinhu chaicho nezvaKe," iye, akaitei? Akarasikirwa nahwo, akarasikirwa nemukana wake, muHupo hwaMwari, aigona kunge akaregererwa. Akati, "Ndine simba rokuKuroverera. Ndine simba rokuKusunungura."

107 Akati, "Hauna simba kunze kwekunge rabva kuna Baba vaNgu." Aifanira kunge akaziva, dai aiziva Rugwaro. Uye iye, ari muJudha, aifanira kunge akazviziva izvozvo. Asi, munoona, tsika dzakanga dzamudzidzisa zvisizvo. Ndizvo zvazviri nhasi. Dai aive akangodzidziswa zvakanaka! Dai murume uyu akatenda zvaive zvakataurwa neMagwaro! Asi tsika yake yakamubvisa pazviri.

108 Zvimwe chete sezvazviri nhasi. Vanhu vanotora Evhangeri yemazvirokwazvo, uko Mweya Mutsvene uri kupinda, uye simba nekubwinya kwaMwari zvichisunungura vatadzi kubva muchivi nekuvasunungura, nekuvabhabhatidza muMweya Mutsvene, nekupodza vanorwara, nekuratidza zviratidzo nezvishamiso, uye vanhu vachafamba vachienda, voti, "Aa! Zvino munoziva zvinotendwa nechechi yangu? 'Hazvina maturo'!" Unoona, uri kurasikirwa; uri kutengesa hudangwe hwako. Mumwezve Esau!

109 Vazhinji vanowana mukana mumwe chete nhasi, wokumira muHupo hwaKe sezvavakaita kareko. Uye zvakadaro, nokuda kwemaonero anofarirwa neruzhinji, vanoHuramba. Vakamira muHupo hwaMwari! Handizive, shamwari, manheru ano, kana isu vanhu vari Makristu, muHupo hwaKe, uye tichirwara, kana tisingarambi mukana wekupodzwa kubudikidza nekungoMutenda? Isu vanozviti tinoMutenda,

hatinyatsocherechedza Hupo hwaKe, zvaAkavimbisa kuita nhasi.

110 Akasimbiswa nevimbiso yezuva iroro, Jesu aitsiura chizvarwa ichocho nekuda kwekusatenda chiratidzo chaKe chaMesiya. Tinozviona pano, Aivatsiura. VachiMudana kuti Bherizebhabhu! Vaida kuti Aite chiratidzo chaMosesi, zvichida, kuzarura Gungwa Dzvuku. Vaida kuti Aite chiratidzo chaDhavhidhi, atore chigaro chehumambo nehurumende. Asi hapana Gwaro rakati Aizodaro. Aizova Muporofita. Ari kuuya, ari Mambo. Aizova Muporofita munguva iyoyo, uye Akaita chiratidzo icho Mwari vakati Aizoita mumazuva iwayo, uye vakanga vachiri kuda kuti Aite chimwe chiratidzo chaivafadza. Maona?

111 Uye handitongozivi kana tisiri kutarisa kumberi zvakanyanyisa chimwe chinhu chitori patiri chaipo. Handizivi kana zvingava nenzira imwe chete, kana tingapfuura mukana wedu? Rangarirai, semifananidzo yekare, mifananidzo haimbofi yakaputsika. Chiratidzo chekupedzisira, maringe naJesu, Akati, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava mumazuva ayo Mwanakomana wemunhu," kwete Mwanakomana waMwari zvino, "apo Mwanakomana wemunhu anenge achizarurwa." Tarisai pano pazviri nhasi! Shamwari, ndinogona kukuudzai zvimwe zvinhu pano zvisina kukodzera kuti ndikuudzei, asi zvingatozokukatyamadzai.

112 Ndinoda kukubvunzai mubvunzo mudiki tichimira, tisati taenderera mberi neshumiro ino, kwemaminitsi mashoma. Handizive kana ndingakubvunzei izvi.

113 Chero ani zvake anoziva kuti nyika, panzvimbo yayo, zvinhu zvese zvigere muhurongwa hweKuuya kwaKe. "Kudengenyeka kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana; mwedzi uri kubuditsa ropa dzvuku, kana matombo epasi akanyungudika matsvuku kwese-kwese, achiifukidza," sezvakataurwa naJesu tarisirai chiratidzo ichocho mumazuva ekupedzisira; "gungwa richitinhira, mwoyo yevarume ichikundika nekutya, nekuvhiringidzika kwenguva, kushushikana pakati pemarudzi."

114 Tarisa kutsveyama kuri kuitika nhasi! Zvitarisei nhasi, kuwedzera nezvikamu 40 kubva muzana muCalifornia, kwengochani, rudo rwepamasikirwo rwakatopera kare.

115 Tarisai pane . . . Tarisai nhasi, kuti vanhu vanotogara kumba, vanozviti Makristu, nekuteerera kune vanhu vakadaro vakaita saPat Boone, Elvis Presley, Ernie Ford, neavo vanoimba nziyo dzechitendero musi weSvondo; uye nokutarisa zvinhu izvozvo, vanovatarisa vachitsvoda madzimai iwayo, nezvimwe kunze uko.

116 Apo, hapana murume anotombofanira kutsvoda mukadzi kusvikira amuroora. Kusangana kwezvizenga zvemunhurume nezvemunhukadzi. Ngazvive chero kupi zvako, hazvina

kunaka. Zvakangofanana nekusangana pabonde. Kana zvizenga zvemunhurume nezvemunhukadzi zvabatana, chiitiko chekusangana pabonde. Uye zvakaitwa. . . Murume achitsvoda mumwe murume pamuromo, zvinomuita kuti arutse, kana mudzimai kumudzimai. Sei zvakasiyana? Chi—chiitiko chekusangana pabonde, pakuonekwa kwazvo. Ndizvozvo chaizvo. Mufananidzo waKristu achitsvoda Mwenga waKe, munoona. Haufanire kumboita izvozvo.

117 Asi zvitarisei nhasi, mafirimu ese aya nezvimwe, uye maitiro makuru evanhu ekutsvodana nekumbundirana. Zvino chaizvoizvo hwatongova potse hupombwe pachena, kwese-kwese, uye vanhu vakapofomara kwazvo havazvione. Ndizvozvo! Zvinhu zvose zviri muchinhano cheSodhoma, muSodhoma kwese-kwese, sezvakataurwa neBhaibheri.

118 Zvinhu zvakawanda kwazvo, tarirai mumazuva ano, zvaAkataura kuti zvaizoitika! Tarisai vimbiso dzaAkaita, dzaizoitika muzuva rino. Uye zvadaro mozviongorora, nezviri kuitika, uye moona patiri, ipapo mobva maona kuti Achiri muShoko raKe here kana kuti kwete.

119 Vaida kuona chiratidzo chaMosesi, chiratidzo chaDhavhidhi. Zvakanga zvisiri zvezera ravo; zvakavimbiswa kuzera raMosesi nemamwe mazera. Vimbiso yezera rino inofanira kuitika. Akanga avaratidza pachena, Iye, neRugwaro, ndokuvakoka kuti vanzvere Magwaro, kuti vaone zuva ravairarama mariri.

120 Ari kuita chinhu chimwe chete iko zvino! Nzverai Rugwaro, imi munotenda Bhaibheri. Chii chinofanirwa kuitika ipo pano Kuuya kwaKe kusati kwasvika?

121 Tarisai nyika, iri panzvimbo yayo; zvino, ndiyo nyika. Tarisai chechi, pairi. Tarisai pairi, "kutsauka, ine kakudziya, Raodhikia, ichiburitsa Shoko kunze." Chinhu chose chiri kupinda mumubatanidzwa mukuru wemachechi, Mubatanidzwa wemaChechi ePasi rose, vachiumba munembo wechikara; izvo Bhaibheri rinoti zvakaipa, nezvinhu zvose izvozvo, asi zvakadaro maProtestanti ari kupinda mazviri, nezvose zviri mavari, vasingazive Gwaro. Tsika dzavo! Oo, vari kuda murume we—we—we—wesimba, uye vachawana mumwe. Vachaona kuti vamuwana.

122 Akanga, tarisai, asi Jesu akanga aZvizivisa zvakakwana chaizvo kuti Aiva Ani, uye akanga aratidza kwavari kuti Aive Ani, muzera raKe.

123 Uye zvimwe chetezvo nhasi! Zvino tarisai, ngatitorei mamiriro emuna Ruka 17, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma." Tarisai nyika, tarisai chechi, chinhano cheSodhoma! Tarisai kwaiva naRoti; apo varume vaye vakatomboedza ku—vakaedza kumanikidzira kupinda nepasuwo, kungirozi idzi, varume ava.

124 Cherechedzai, tarisai pano. Pakave... Tarisai, Abrahama akanga ari pamusoro pegomo. Akanga asiri muSodhoma. Mufananidzo iwoyo.

125 Panogara paine mapoka 3 evanhu muungano yekunamata: vatendi, vatendi vekabanga, nevasingatendi. Nguva dzose ivo 3! Uye hapo pavaiva, hoyo muSodhoma asingatendi; Roti mutendi wekabanga; naAbrahama, Chechi yakasanangurwa.

126 Zvino, tarisai nhume dzavo muzuva iroro. Nhume 2 dzakadzika zasi ndokunoparidza kuSodhoma. Havana kuita chero zvishamiso, vakangovarova nehupofu. Kuparidzwa kweShoko kunodaro.

127 Asi tarisai mhando yechishamiso chakaitwa neMutumwa uyu akaramba aina Abrahama. Akanga akafuratidza nemusana waKe. Uye akaudza Abrahama kuti zita rake rakanga rashandurwa; ndokumudana kuti "Abrahama" pachinzvimbo chaAbrama. Aisagona kuva nemwana kusvikira zita rake rashandurwa, kunyangwewo Sara. Akavaudza kuti zita ravo raive ani. Mutumwa akavaudza izvozvo. Uye Akati Aizoshanyira Sara maererano nenguva yehupenyu.

128 Zvino Sara akaseka nezvazvo. Zvino Sara paakaseka... Murume uyu ane musana waKe wakafuratira, Murume achidya nyama yemhuru, uye achinwa mukaka wemhou, nekudya chingwa; Munhu, ane huruva pahanzu dzaKe, mufambi, aiva Mwari pachaVo. Zvino Abrahama akazvicherechedza nokuti Aiziva pfungwa dzaiva mumoyo waSara shure kwaKe. Akati, "Sei Sara ati mumoyo make, 'Zvinhu izvi zvingaitika sei?' Pane here chakaomera Mwari?" Maona? Zvino Sara akabva amhanyira panze ndokuzviramba. Akati, "Hongu, asi wadaro." Zvino, Angadai akatora hupenyu hwaSara pakare ipapo, nekuda kwake kusatenda, asi, munoona, iye chikamu chaAbrahama.

129 Uye kusatenda kwedu mukuratidzwa kwaKe kukuru munguva ino; tiri chikamu chaKristu. Vanongo, munoona, tiri—tiri, munoona, vedu... Va—Vanofanira kuzvichengeta.

130 Zvino, cherechedzai, hapana kumbobvira pakava nenguva munhoroondo yezera rechechi... Uye ndinoziva mudzidzi mumwe chaiye wandiri kutaura naye, munyori wenhoroondo. Hapana kumbovapo. Ndingakumbira chero mudzidzi upi zvake weBhaibheri kuti andiudze murume mumwe chete akambotumwa kuzera rechechi, muchechi ino kubva pakurovererwa kwaKristu, shumiro yepasi rose, wekuti zita rake rakapera na h-a-m, sa A-b-r-a-h-a-m-a, kusvika nhasi. Sankey, Finney, Moody, Knox, Calvin; asi chero hako kwakambova here naG-r-a-h-a-m kumashure, Billy Graham, muvhangeri mukuru kunze uko nemasangano ari muSodhoma? Hakuna kana. Pana Oral Roberts wechimanjemanje kunze uko nemaPentekosti, chinhu chimwe chete. Manga muchizviziva here?

131 Asi, h-a-m! Zvino, G-r-a-h-a-m anongova mavara 6, asi A-b-r-a-h-a-m-a mavara 7. 6 inhamba yemunhu, sangano remunhu, kuita kwemunhu; asi A-b-r-a-h-a-m-a mavara 7. Zvino cherechedzai, muChechi, yakasanangurwa, yakabuditswa kunze, kwete masangano iwayo, asi Chechi yakasanangurwa kuti imire panze, iri kuwana mutumwawo, zvakare, mumazuva ano ekupedzisira.

132 Chii chiri kuitika zasi uko? Chii chiri kuitika kumusoro kuno? Zvienzanise nezvakataurwa naJesu. Hakuna munhoroondo patakambogara. Uye nezviratidzo zvimwe chete zvaizoitwa! Hamucherechedzi here, shamwari, uye kucherechedza kuti ndiMwari vaburuka muVhangeri, vari muvanhu vaVo, vachiZvizivisa? Hamucherechedzi here nguva yatiri kurarama mairi? Tangozvisvitsa here pekuti tiombere maoko edu zvishoma, toridza piyano, nokudzokorora *izvi*, uye—uye tikabva paShoko, kusvika tava mapofu kwariri? Zvirokwazvo hatina. Ngaticherechedzei nguva yatiri kurarama mairi.

133 Petro, Natani, kana kuti Natanieri, waro, nemudzimai, vakachicherechedza. Ivo, va—vakacherechedza chiratidzo chaKe, chiratidzo chaMesiya.

134 Zvimwe chete zvino nezvinhu izvi zvandiri kutaura. Zvino kuzera rino, Jesu akati. . . Zvino tarisai, Ari kureva zvekumashure zvino, achivaudza nezvezera. Mwari, mune chero zera, paVakatumira Mharidzo yaVo, yaiva Shoko raVo, uye vakaIzivisa kuzera iroro; vanhu vakaItenda, yakanga iri nguva huru kwavari; vanhu vasina kuItenda, vakapinda munyonganyonga. Zvagara zvakadaro.

135 Semumazuva aJesu, zvimwe chete. Mutarisei akamira pano zvino. Akati, “Sezvazvakanga zviri mumazuva aJonasi, anova Jona; nokuti saJona akanga ari mudumbu rehove huru, mazuva 3 nousiku, saizvozvo Mwanakomana womunhu anofanirawo kudaro.”

136 Akati, “Chizvarwa chakaipa uye chehupombwe chinotsvaga chiratidzo.” Zvino munoziva zvandinofunga kuti Aiita? Akanga achiporofita, “Chizvarwa chakaipa uye choupombwe.”

137 Handizive kana chero munhu ane pfungwa dzake dzakakwana angaramba kuti hatisi kurarama muchizvarwa chine hutera uye cheupombwe, apo ngochani, kutsveyama! Uye kurambana muAmerica kwakapfuurira chero imwe nyika ipi zvayo pasi rose. Uye nyika yose yapinda munyonganyonga yazvo. 3 kubva pane 4 vega-vega, potse, vanorambana; tingati, tikatora nyaya yacho yese mumakore 10 ekuroorana. Maona? Fungai nezvazvo! Kurambana, kupinda muwanano zvakare nekupinda muwanano zvakare, kurambana nekupinda muwanano zvakare. “Vakanga vachidya, vachinwa, vachiroora

vakadzi uye vachiwaniswa." Tarisai nguva yatiri kurarama mairi. Yakambova riinhi munyonganyonga yakadaro?

138 "Chizvarwa chakaipa uye choupombwe chichatsvaga chiratidzo," cherechedzai, zvino vachagamuchira chiratidzo. Chii? Chizvarwa chino. "SaJona aiva mudumbu rehove huru, mazuva 3 nehusiku, Mwanakomana wemunhu anofanira kunge ari mumoyo wenyika mazuva 3 nehusiku." Chiratidzo chipi icho chizvarwa chakaipa uye chehupombwe chichagamuchira? Chiratidzo cherumuko.

139 Uye nhasi, mushure memakore 2,000, tichiri kuona Jesu Kristu musimba rerumuko rwaKe, akamira pakati pedu, achiita zvinhu zvaAkaita kareko uye akavimbisa kuzoita. "Chizvarwa chakaipa uye cheupombwe chichatsvaga chiratidzo, chinogara chichida kuti 'ndiratidze *izvi,* uye kana uchigona kuita *izvi* nekuita *izvi.'* Vachachiwana, chiratidzo cherumuko." Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi; Shoko rakaratidzwa, richigara pakati pedu. Tinofanira kutenda Mwari zvikuru nokuda kwechiratidzo chaVo chikuru!

140 Cherechedzai Akataura nezvechimwe chinhu ipapo. Akati, "Zvino samambokadzi wezasi achasimuka," ndiye mambokadzi weShebha. Nyatsoteererai zvino.

> *Mambokadzi wezasi achasimuka pakutongwa* nechizvarwa chino, uye achachipomera *mhosva: nokuti akabva* kumagumo *enyika kuzonzwa* huchenjeri h*waSoromoni;* zvino, *tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano.*

141 Cherechedzai, ngatitaurei nezvazvo, kwemaminitsi mashoma. Aiverenga Bhaibheri rimwe chete ratinoverenga, pamusoro paJona, uye Aiverenga nezvaSoromoni. Zvino, zera raSoromoni parakauya, aiva nechi—aiva nechipo chekunzvera. Zvino vanhu vose, nyika yose, yakazvitenda. Munhu wose akanga aine moyo mumwe uye ari muhumwe. Munhu wose akazvitenda.

142 Dai munhu wose, manheru ano, dai America yose, ikangodzokera kuna Mwari uye yotenda Mwari, ndiyo gutsikano yakanakisisa yatinayo, ichange iri nzvimbo dzose dzechendgetedzo kubva kumabhomba nezvimwe zvose.

143 Hapana akaita zvedambe naSoromoni. Vaimutya nekuti aive murume ane chipo. Uye vanhu vakamutenda saizvozvo, akatumwa achibva kuna Mwari, kusvikira vakamuita mambo wavo. Marudzi ose aivatya; kwete nekuda kwesimba ravo remauto, asi nekuti Mwari vakanga vainavo.

144 Uye kana nyika ino inozviti ndeyeChikristu, dai yaigona chete, vose pamwe chete, kubatirira pachipo chikuru ichi chakapihwa kwatiri mumazuva ano ekupedzisira, Mweya Mutsvene waMwari pamusoro peChechi. Kwete chitendwa. Mweya waMwari! "Kwete nesimba, kwete nekukwanisa, asi

neMweya waNgu," ndizvo zvinotaura Mwari. Mweya Mutsvene, Jesu Kristu ari muchimiro cheMweya, pamusoro pedu, "mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi," achiita kuti Shoko iri rirarame izvo zvaAkati Raizoita. Nyatsotarisisai zvino.

145 Oo, nhau dzakaenda pasi rose! Vakanga vasina terevhizheni neredhiyo, nezvinhu mumazuva iwayo, saka dzaifamba kubva pamuromo kuenda panzeve. Zvino mushure mechinguva makaravhani makuru akadzika zasi nemuSahara Desert, runova rwendo rwemwedzi 3 kubva kuParastina kuenda kwaaigara. Uye kutenda kunouya ne (chii?) kunzwa, kunzwa Shoko raMwari. Zvino akanga anzwa nezvemusangano mukuru uyu wavakanga vainawo kumusoro ikoko, uye chero nguva karavhani yaiuya ichibva nenzira iyoyo, aibvunza kuti, "Ko makambo, makapfuura nemuParastina here?"

"Hongu."

"Oo, munoti kudii nezvako?"

146 "Oo, zvino—zvinopfuurira chero chinhu chipi zvacho! Hamusati mamboona kunzvera kwakadaro. Uye zvakangoita semumwe mwari agere ipapo. Mwari wavo anomiririrwa ari mumurume anonzi Soromoni."

147 Zvinoka, "kutenda kunouya nekunzwa." Moyo wamambokadzi mudiki wakatanga kunzwa nzara yekuenda kunotsvaga ruzivo nezvazvo. Onai, akanga akagadzwa kuHupenyu.

148 Cherechedzai zvino, chinhu chekutanga kuita zvino, iye ari muhedheni, aitofanira kunowana mvumo kubva kumuprisita wake, kuti aende. Saka ndinogona kufungidzira ndichimuona achienda kumuprisita wake, uye oti, "Baba vatsvene, ndinonzwa kuti vari kuva nerumutsiriro rukuru kumusoro uko mu—muParastina. Ndingada mvumo yekukwirako ndonozvionera ndega."

149 "Zvino, mwana wangu, zvino haudi kuvhiringidzika mune zvimwe...Zvisinei hazvo, hatisi kubatirana pamwe murumutsiriro irworwo, saka iwe—iwe haugone kuenda. Munoona, rinongori butwa rezvisina maturo. Ha—hapana zviripo pazviri. Vanhu ivavo vanoti vakapinda nemuGungwa Dzvuku, uye vakaita zvose *izvi, izvo*. Hapana zviripo pazviri. Kana paine chimwe chinhu chakadaro chichiitika, chichange chiri muno chaimo muchechi medu." Tichiine mahedheni.

150 Saka tinoona kuti akatanga kuva nenzara. Akati, "Zvino tarisai," akati, "vanondiudza, kuti, 'Mwari wavo kumusoro uko anomiririrwa ari mumunhu, uye huchenjeri hwake hunopfuurira chero chinhu zvacho. Kunzvera kwake kunoshamisa.'"

"Oo, hapana zviripo pazviri."

Akati, "Asi ndi—ndinogona . . . "

151 "Zvinoka, tarisa, uri mambokadzi, haugone kubatanidzwa neboka revanhu vakadaro. Ndiko kuti, haugone kuita izvozvo. Boka iroro revanhu, vanozivikanwa pasi rose semipengo yechinamato. Haugone kuita izvozvo."

152 Asi, munoona, kana Mwari vatanga kushanda nemoyo wemunhu, hapana chiri kuzozvimisa. Murume, mudzimai, vana, mufundisi, hapana chimwezve chinogona kuzvimisa kana munhu aine nzara chaizvo yaMwari. Vari kuenda, zvakadaro. Saka akagadzirira, kuti agadzirire.

153 Zvino, iye aiti, "Zvakanaka, ndichangokupa. . .Ndicha—ndichatofanira kukudzinga kubva muruwadzano rwedu."

154 "Zvinoka, munogona kutongoita izvozvo. Ndiri kuenda, zvakadaro. Ndiri kunozvionera pachangu pamusoro peizvi zvose, uye ndigoona."

155 Akanga aunza mipumburu uye akanga averenga izvo Jehovha vanofanira kunge vari, pamusoro pevaporofita vaVo nezvaanofanira kuita, kuti Shoko raMwari raizoratidza sei, kuti Raizoziva sei zvinhu izvi apo paraimiririrwa, rakafukidzwa munyama yemunhu, zvaraizoita. Uye akanga averenga zvinhu zvose izvi.

Saka ndaimunzwa achiti, "Zvinoka, tarisa, bhuku redu rinotaura *izvi,"* akadaro.

156 "Hongu, tarisai, ini. . .amai vaamai vaambuya vangu vakamira pamberi pezvimupunzo zvimwe chetezvo. Vakamira ndokunyengetera, zuva nezuva. Hapana kumbova kana nekupfakanyika kumwe chete, kutaura kumwe chete, kana chimwewo chinhu. Uye ndaneta, nechimiro ichi chekare chakafa. Ndinoda kuenda kunoona kana kuna Mwari mupenyu." Zvakashata kwazvo kuti hatina mamwezve emadzimambokadzi iwayo nhasi.

157 Saka akagadzirira kuenda. Zvino paakasvika panzvimbo iyi yaaifanira kuenda, zvino, rangarirai, akava nokuomerwa zvikuru. Zvakanga zvisiri nyore sezvazvingave zviri kwauri. Zvino cherechedzai zvaaifanira kuita.

158 Hechino chimwe chinhu chandiri kuda, chandisingadi kusiya. Akataura izvi, "Ndiri kuenda kumusoro uko, uye ndichatora mari. Ndichatora zvimwe zvipo. Uye kana chiri chokwadi, ndichachitsigira. Kana chisiri chokwadi, zvino ndinogona kudzoka nemari yangu."

159 Mudzimai iyeye aigona kudzidzisa maPentekosti. Hongu, changamire. Munotsigira zvinhu kunze uko zvinoseka nekuita dambe nekupodza kwaMwari, asi munotsigira zvirongwa zveredhiyo panzvimbo yechechi yenyu, ndizvozvo, nekuseka nokuita dambe nezvinhu zvacho chaizvo zvamunotenda mazviri.

160 Asi mambokadzi akati, "Ndichazvitora. Uye kana zvisiri izvo, ndinogona kudzoka nazvo."

161 Zvino rangarirai, nehupfumi hwese uhu huri ipapo, pangamera idzi. Zvino rangarirai, vatasvi ava vaIshmaeri vaiva makororo murenje, vaiva kunze uko. Chingadai chakava chinhu chiri nyore kwazvo kuti vapambe bo—boka iri, uye, handiti, vangadai vakauraya mayunaki mashoma aiva naye, uye votora mari iyoyo votoenda.

162 Asi pane chimwe chinhu pazviri, kana wanyatsotsunga, uye Mwari vari kuZvizarura, wakatsunga kuona Kristu, hapana njodzi pamberi pako. Hautomborina kana nehanya nazvo! Chiremba anoti uchafa, hautombozvicherechedzi. Paunenge uchimanikidzira, unoziva kuti pane chimwe chinhu ipapo.

163 Chimwe chinhu pakadzika mumoyo make, chiri kubvira, kutenda muna Mwari uyu! [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . mwedzi 3 yekufamba nemuSahara Desert. Kwete muCadillac ine mhepo inofefetera. Kwete, kwete. Akatora mwedzi 3 nemuSahara Desert, zvichida achifamba husiku, achiverenga mipumburu, ari munzvimbo inenge ine mvura masikati, dzamara asvika.

164 Zvino, ndosaka Jesu akati achamira mumazuva ekupedzisira achipomera chizvarwa chino, nokuti vamwe vavo havatofambi vachiyambuka mugwagwa; zvino mukuru kuna Soromoni ari pano, Mweya Mutsvene pachaKe. Maona? Ndosaka achamuka mumazuva ekupedzisira achipomera chizvarwa!

165 Tarisai, pakupedzisira akazosvika. Haana kuuya sevanhu vazhinji, vamwe vanhu vachauya kumusangano usinganzwisisike. Akauya ndokutora ngamera dzake, ndokunopinda muruvanze, akamisa matende ake, uye aizogara ipapo kusvikira agutsikana.

166 Vanhu vazhinji vanouya, vogara kwemaminitsi anenge 5, pamwe 25. Muvhangeri kana mumwe munhu akangotaura chimwe chinhu chinopesana neizvo zvaa—anofunga kuti zvinotaurwa nechitendwa chake, kana chitendwa chemudzimai, murume wacho, vanobuda vobva vaenda. Munoona, hapana kana tsika. Ndosaka achapomera chizvarwa chino; akauya kuzogara kusvikira agutsikana.

167 Ndinogona kufunga shumiro yekutanga mangwanani iwayo, hwamanda padzakaridzwa dzose, Mufundisi Soromoni akabuda. Mudzimai anogona kunge aive akagara kumashure-shure. Akati, "Zvino ndichazvionera ndega. Ndinoziva kuti ndizvo zvinofanira kuva zviri Jehovha. Munhu anogona kungotaurawo, asi ndichazviziva." Saka akagara ipapo zuva iroro uye akatarisa, uye akaona munhu wese achiuya papuratifomu. Akaona kuti kunzvera kwaive kwakakwana.

168 Pakupedzisira, ngatitii kadhi rake rekunamatirwa rakadanwa, iro zvichida harina, asi nguva yake yakasvika yekuuya pamberi paSoromoni. Uye Bhaibheri rakataura, kuti, "Paakauya kuzomira pamberi paSoromoni, kuti Mwari vakaita

kuti Soromoni azive zvakavanzika zvake zvose. Pakanga pasina chinhu chakavanzwa." Zvino chishamiso chakaitwa paari.

169 Akabva atendeukira kuungano, uye akati, "Zvese izvi zvandakanzwa ndezvechokwadi, uye zvakatokura kupfuura zvandakanzwa nezvazvo." Maona? Oo, pakanga pasisina hupenyu hwakasara maari, mweya wake wekufema wakabviswa maari, nekuti hepano paiva nemurume akanga asingamuzive, mutorwa, akazarura zvinhu zvaaida kuziva.

170 Oo, zvino Jesu akamira ipapo, akanga achipfuura Soromoni! Akanga ari huzaro weHumwari mumutumbi. Akanga ari Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara. AkaMupfekedza, uye Jehovha pachaKe achiratidzwa munyama. Uye hepano paAive akamira ipapo muhuzaro, uye vakati havaizoMutenda, kunzvera kwaive kwakatokura. Munoona, Aiva Soromoni pamwe naDhavhidhi, pamwe nevamwe vose vaiva maAri. Vaporofita vose vakagumisira vava maAri, mukuru kuna Soromoni.

171 Uye kunyange nezuva iroro, Akati, "Kana mukataura mashoko iwayo anopikisana neNi, Ndichakuregererai. Asi kana Mweya Mutsvene wauya, zvichange zvakakura kupfuura zvazviri zvino, uye nekupomerwa kwakawedzera."

172 Uye hepano patimire nhasi tichiona Mwari mumwe chetevo vachiita chinhu chimwe chetecho! Ndinotenda kuti achasimuka neZuva reKutongwa ogopomera chizvarwa chino, nokuti akatendeuka akatenda mharidzo yaiparidzwa naSoromoni, uye akatenda muna Mwari. Akaona chimwe chinhu chemazvirokwazvo.

173 Munoziva, kuti dambudziko nderei nhasi, pane vanhu, vanhu vazhinji, nevanhu vari nhengo uye vanongoendawo kuchechi uye vova nechitendwa, munoona, vakaona zvakawanda kwazvo zvenhema, zvakawanda kwazvo zvinongova zvimupunzo, nezvakawanda kwazvo zvezvivakwa zvikuru zvakanaka. Uye— uye, isu, ngatisa—ngatisambofa takanopinda mumhando yekupengereka kwakadaro. Munoona, Mwari havagari muzvivakwa zvikuru; Vanogara mumoyo mako. Munoona, Mwari havagari mudzidzo yenjere; Vari kure nayo. Vanogara mukuninipa, mumoyo mako.

174 Vanogara muShoko raVo, uye Shoko raVo rinouya mumoyo mako uye roZvitaura, uye rozivisa. Vanodudzira Shoko raVo pachaVo kubudikidza nemauri. Vari kuedza kuwana mumwe munhu waVanogona kubata, kuti varatidze kuti Vachiri Mwari. Maona? Uye Vari, Vanozviita kana Vakangowana mumwe munhu waVanogona kutaura naye. Kana Vakagona kuwana mumwe mudzimai ane chirwere chekubuda ropa, Vanogona kuramba vachitaura chinhu chimwe chete. Vanogona kuita chinhu chimwe chete, vachizivisa, vachitaura. Tiri muHupo hwaMwari, tisingaHucherechedzi.

175 Zvinoyeuchidza imwe nyaya diki. Ndinogona kunge ndakambokuudzai kamwe chete, handizivi. Ingatobatsira izvozvi. Sezvamunoziva mose, ndi—ndinovhima mhuka hombe. Zvino ndaiva kumusoro kuNorthwoods, ndaisienda kumusoro ikoko kunovhima, nguva dzose. Zvino ndaive neshamwari kumusoro ikoko inonzi Bert Call. Akanga ari muvhimi akanaka, ainge hafu muIndia. Waisatombonetseka nezvake, aisamborasika. Uye taiva shamwari chaidzo, asi ndiye aive murume ane hutsinye kupfuura vese, pamoyo, wandati ndamboona. Aingova asina moyo zvachose. Aisimbopfura tutsvana tuduku, nditwo tuvana tudiki twenondo, kungondiita kuti ndirwadziwe. Zvino aiti, "Oo, imi vaparidzi mune moyo wehuku. Billy, waizova muvhimi akanaka dai wainge usiri muparidzi." Akati, "wakanyanyisa kuva nemwoyo wehuku."

Ndikati, "Bert, ikoko hakusi kuva nemwoyo wehuku."

176 Zvino, zvakanaka kuuraya tsvana kana mutemo ukataura kudaro. Abrahama akauraya mhuru ndokuipa kuna Mwari vakaidya. Haasi makuriro ayo kana kuva hono kana kuva hadzi kwayo.

177 Asi kwaingove kuipa pazviri, uye aingopfura tsvana idzodzo ongoseka hake, oseka nekuti ndaisanzwa kusafara nazvo. Saka, zvino, iye—iye akaita izvozvo.

178 Zvino rimwe gore ndakaenda kumusoro ikoko. Zvino akanga azvigadzirira pito diki yaaigona kuridza, sekatsvana kadiki, madanidziro akanoita, munoziva, amai vako. Saka zvino akati, "Iweka, Billy, tisati tatanga mangwanani ano," akati, "ndinoda kukuratidza chimwe chinhu chandinacho." Zvino akairatidza kwandiri.

Ndakati, "Bert, haungamboshandisa chinhu chakadaro."

179 Akati, "Oo, kwana mhani iwe." Zvino murume wacho aive nemaziso akangofanana needzvinyu, sevamwe vakadzi ava vanoedza kupenda maziso avo, munoziva, saizvozvo. Munoziva, akanditarisa, nemaziso akaita seedzvinyu iwayo, neziso, raitoda kundivhundutsa.

Zvino—zvino ndakati, "Bert, usadaro."

Akati, "Oh, imi vaparidzi vane mwoyo wehuku!"

180 Saka isu—isu taiva. . .Ndakanga ndanonoka kumuka panguva iyoyo. Uye dzekumaodzanyemba dziya dzemuswe muchena. . .Nondo yako ine nzeve sedzenyurusi kuno, inotofamba ichiuya kwauri, asi kwete mumwe wemachinda iwayo. Pose painombopfurwa, inenge iri. . .Unotaura nezvaHoudini semutambi wekupukunyuka, iyeye achepa, kwadziri. Saka nguva dzakanga dzaenda uye dzakanga dzambopfurwa. Zvino nondo idzodzo dzainge dzakahwanda pasi, dzichifura husiku muchiedza chemwedzi, uye dzichirara masikati. Takafamba nzira yose kusvika kuJefferson Notch

yekare, kunosvika chaiko kuMount Washington. Kwaive, kuine mazaya echando angangosvika mainji 6 pasi, mamiriro ekunze akanaka ekuronda; handina kana kumboona kana tsimba rimwe.

Akati, "Unofungei, Billy?"

181 Ndakati, "Apo imi mose makadzivhundutsa dzese kuti dzibve muno, zvigwagwagwa zvekare izvozvo zvamuri kupfurisa."

182 Uye saka takaenderera mberi. Mushure mechinguva, nguva dzekuma 11 o'clock. Taigara tichitakura ka—kamwe kemabhodhoro anochengeta mvura kuti irambe ichipisa kazere nechokoreti yaipisa. Kuitira kuti kana ukakuvara, kana chimwe chinhu, ndeyekukumutsiridza, pamwe nesangweji. Saka dzaiva nguva dzingaita 11 kana 11:30, ndinofunga, takasvika panzvimbo pasina chinhu pakakura senhandare ino pano, kana chivakwa chino, uye pasina miti. Saka akangoita sekugara pasi, akagadzika pfuti yake yakazendama pamuti, akatanga kusveverera kumashure *kuno*. Zvino ndakafunga kuti aidzokera kunotora bhodhoro rake—rake rezvinopisa. Ndakafunga, "Saka, tochidya hedu."

183 Kazhinji tinokwira pamusoro pegomo todya, uye mumwe anoenda neimwe nzira mumwe neimwe, uye tozodzoka. Uye taiziva mafambiro emunzvimbo yacho, zvakanaka. Uye kana tikawana nondo, taingoisungirira, tobva taziva, toenda tobatsirana kudziunza. Saka ndakafunga kuti ave kuzongodya kudya kwake kwemasikati, uye tobva taparadzana, nekuti kwakanga kwave pedyo nekunoperera miti. Saka ini . . .

184 Akasveverera shure. Uye ndakatanga kutora bhodhoro rangu rezvinopisa, ndokutora chokoreti yangu, ndikatanga kubuditsa saizvozvo. Zvino akaburitsa pito diki iya yekare kubva muhomwe make, ndokuiridza zvakasimba sa*izvozvo*. Uye akanditarisa nemaziso aye akafanana needzvinyu zvakare, ndokuridza pito iya. Uye paakadaro, kuda kusvika nechekwakaperera chivakwa chino, nondo hadzi huru kwazvo yakasimuka.

185 Zvino kana dzimwe hanzvadzi dzedu dzikasaziva, nondo hadzi ndiyo amai nondo. Uye, munoona, pito iyoyo yaiva kamwana, uye kakachema, zvino nondo hadzi hombe iyi yakasimuka. Uye nenguva dzekuma 11 o'clock masikati, chero ani zvake anovhima nondo anoziva kuti inguva yakaipa. Dzakarara.

186 Saka yakasimuka ndokutarisa-tarisa. Ndainyatsoiona iri pachena. Akanditarisa, ndokuridza zvakare. Uye pachinzvimbo che—chekutiza, yakabuda kunze chaiko pachena ipapo.

187 Zvino, izvozvo hazvisi zvemazuva ese. Hadzidaro. Chero Muvhimi anozviziva izvozvo. Uye hadzi—uye hadzidaro. Asi yakafamba ichibuda chaiko kunze ikoko. Sei? Yaiva amai; uyo

aiva mwana. Zvaiva, munoona, zvakangoberekwa zviri mairi kuve amai, uye mwana iyeye.

188 Zvino Bert akatarisa pasi, akadhonza chekukokesa pfuti, akachidzikisa papfuti iya thirty-o-six. Zvino aiva mupfuri asingapotse. Zvino ndakamuona anongedzera se*zvizvi,* uye ndaiziva kuti aizoputitsa moyo wayo wakatendeka nekumativi ari maviri, bara rine huremu hwe 180 grain, rinoparadza. Uye ndakafunga kuti, "Ko ungagodaro sei, Bert? Ko ungashata sei zvakadaro, kudana amai nondo ivavo kunze uko wobva wapfura moyo wavo kubva mavari, uye ivo vachiedza kutsvaga mwana wavo? Ungave sei nehutsinye hunosvika pakuita zvakadaro?" Ndainge ndichifunga izvozvo. Uye ini ndokumuona achinyatsonanga sa*izvozvo*.

189 Zvino ndakatadza—ndakatadza kuzvitarisa. Zvaive zvakatonyanyisa. Zvichida ndine moyo wehuku. Ndakangofuratira, ndokufunga, "Mwari, angazviitirei? Ko munhu angava sei nehutsinye hwakadaro, kuti adaro, kungopfura moyo waamai vakatendeka ivavo kubva mavari chaiko?"

190 Zvino, yakanga isiri kuedza kuita zvekunanisira. Yakanga isiri kuita zvekunyepedzera. Yaiva amai. Yakaona muvhimi paakanongedza pfuti kwairi, asi yakatiza here? Kwete, changamire. Mwana wayo akanga ari mudambudziko, uye yakanga iri kuedza kutsvaga mwana wayo.

191 Zvino ndakafuratira, sezvandataura, ndokutanga. Ndikati, "Ishe Mwari, ko angazviitireiko?" Ndakacherechedza, ndokumirira, ndikamirira, pfuti haina kupfura.

192 Zvino ndakatendeuka ndikatarisa, pfuti yacho yaiita se*zvizvi*. Akanga asisakwanise kuibata zvachose. Akatendeuka, maziso makuru iwayo edzvinyu akanga ashanduka, misodzi yakanga yava kuyerera napamatama ake. Akakandira pfuti pamazaya echando akaungana, zvino ndokuti, "Billy, ndaneta nazvo. Nditungamirire kuna Jesu iyeye wauri kutaura nezvake."

193 Ipapo pamazaya echando akaungana ndakamutungamira kuna Kristu. Sei? Akaona chimwe chinhu chemazvirokwazvo, akaona chimwe chinhu chechokwadi. "Kana vakarega. . . vakanyarara, matombo achadanidzira." Amai ivavo vakanga vasiri kuita zvekunyepera. Vaiva amai chaivo. Zvisinei kuti rwaiva rufu here, kana zvazvaiva, vakanga vakamira vakaita kutarisana chaiko nerufu, vachiziva kuti chero nguva bara iroro raizoputika nepamoyo pavo, asi vaitsvaga mwana wavo.

194 Oo, dai taigona kuva Mukristu senondo iyoyo yaiva amai! Sei? Yakaberekwa iri amai, yakaberekwa kuti ive amai. Tinozvarwa kuti titende Shoko raMwari. Tinozvarwa kuti titende Jesu Kristu.

Ngatikotamisei misoro yedu.

195 Vangani vari muno iye zvino, neruoko rwakasimudzwa, vanoti, "Hama Branham, zvechokwadi ndinoda kuva mhando yeMukristu uyo sezvaive nondo diki iya iri amai. Ndi—ndinoshuva kuti moyo wangu unge wakangozara naKristu zvekuti ndaizogona kumira pamberi pechero chinhu zvacho uye ndova Mukristu chaiye sezvakanga zvakaita nondo iyoyo iri amai. Ini, ndiyo mhando yechiitiko chandiri kuda"? Ungasimudza ruoko rwako here? Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Vakawanda kwazvo, kwese-kwese. Ndinotenda zvikuru kuti muchine chimwe chinhu chakakwana zvemazvirokwazvo mamuri chinokuitai kuti mutende.

196 Maona, ko dai kuri kuti hauna kutenda? Hazvingave zvinosuwisa here izvozvo, kuona munhu asingatendi ari munzvimbo iyo moyo yavo yakaoma kwazvo zvekuti havachagoni kutenda zvachose, vakaparara, hapachisina, vakarasika, havazivi chinhu nezvazvo, vasingazivi nguva iyo rufu rwunogona kugogodza pamusuwo? Unofanirwa kuchinopinda munaZiyendanakuenda.

197 Uye Jesu akati, "Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva," ova Mukristu senondo iya yaiva amai, "haufe wakaona Mwari; waparara, zvisinei nekuti machechi mangani aunojoinha." Aitaura nemutungamiri wezvinamato wezuva iroro, Nikodhimo, murume ane makore 80 ekuberekwa, ndokumuudza kuti anofanira kuberekwa, anofanira kuva mhando yeMukristu senondo yakanga iri amai ipapo.

198 Pane mumwe here asina kusimudza maoko ake, anonyatsoziva Hupo hwaMwari, kuHucherechedza zvino woti, "Ndinoziva kuti ndiri kukanganisa"? Paunocherechedza kuti uri kukanganisa, uri kucherechedza Hupo hwaMwari.

199 Asi kana usingazive kuti uri kukanganisa, Bhaibheri rakati, "Unonzwisa urombo." Muzera rino, chechi ichange "ichinzwisa urombo, ichisuwa, iri murombo, iri bofu, uye isina kusimira, uye isingazvizive."

200 Chingofunga kuti murume kana mudzimai ari mumugwagwa, achinzwisa urombo, ari bofu, ari murombo, akasuwa, uye asina kupfeka, uye uchigona kuvaudza kuti havana kupfeka, uye votorega kukuteerera, asi ko kana vasina kusimira uye vasingazvitendi? Chinhano chekurwara pfungwa chaicho!

201 Saka, zvino, ndiyo mhando yechinhano chepamweya zvachiri. Vanhu vakapofomara pamweya, vanonzwisa urombo, vakasuwa, vasina kusimira pamberi paMwari, vatadzi vachiedza kuzvifukidza seri kwemashizha emuonde erimwewo sangano, uye vasingazvizive.

202 Ungasimudza ruoko rwako here, mumwewo munhu? Mwari vakuropafadzei. Ndizvozvo. Ishe vakuropafadzei. Pamberi

pako, zvichida uri mutsva pano, hausati wamboona Mwari vachiita chinhu chimwe chete, asi usati waona chero chinhu zvacho, iwe zvisinei, unoti, "Ndichazvigamuchira pahwaro hweShoko. Ndinoziva kuti mukuru kuna Soromoni ari pano; Mweya Mutsvene mukuru waMwari uri pano. NdinoUnzwa. NdinoUtenda. Ndichasimudza ruoko rwangu. Ndiri mutadzi; ndichakumbira ruponeso."

203 Baba veKudenga, ropafadzai ava vane maoko avo akasimudzwa. Tinokumbira kuti tsitsi dzeNyu dzipihwe kune avo vari—vari vatadzi. Kuti, zvichida inhengo yechechi. Ivo, zvakadaro hazvirevi kuti havasi vatadzi. Uye vasimudza maoko avo, vanoda kuponeswa. Ishe, panga paine chimwe Chinhu pavari. Vacherechedza Mweya Mutsvene ipapo. Zvino va—vacherechedza kuti Wanga uri Mwari, uye Wanga uchitaura kwavari, kuti, kuti vakanga vasina chiitiko ichocho chavaifanira kuva nacho, uye vasimudza maoko avo.

204 Makati, "Uyo anouya kwaNdiri, haNdingatongomurasiri kunze." Uye ndinoziva kuti ichokwadi. Makati, muna Mutsvene Johane 5:24, "Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi; haangapindi muKutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu. Uyo anouya kwaNdiri, Ndichamupa Hupenyu husingaperi, ndomumutsa pamazuva ekupedzisira." Ivimbiso dzeNyu idzo, Baba.

205 Ndinotora mumwe nemumwe wavo. Zvichida mumwe Mukristu, Ishe, ari kuedza kufamba nemuhupenyu, achiedza kurarama zviri nani, mazuva ose, uye va—vanoda chiitiko che—che—chekufamba kuri nani, vasimudza maoko avowo, zvakare. Baba, ndinonamata kuti Mugovaropafadza. Dai vakawana kuzvikwanira muna zvose ikoko manheru ano muna Kristu, Shoko rakaitwa nyama pakati pedu. Zviitei, Ishe. Ndinovakumikidza kwaMuri, muZita raIshe Jesu Kristu. Ameni.

206 Mwari vakuropafadzei. Uye apo pamakagara makanyarara chaizvo, munoona, kwechinguvana; oo, ini zvangu, ndadarika nguva yangu nemaminitsi 5 zvino. Ndiregerereiwo, ndanga ndisina chinangwa chekutaura kwenguva refu yakadaro. Ndinokuudzai, ngatimbomirai kwechinguvana, ingondipai mamwezve maminitsi 5 kana muchikwanisa.

207 Vangani vanoziva zvaiva Mwari? Tinoziva zvakataurwa neBhaibheri zvaVaiva, uye Bhaibheri rakati, "Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Zvino Jesu akati, muna Mutsvene Johane chitsauko 14, ndima 12, Akati, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo zvakare." Kwete uyo anotenda zvekabanga, asi, "uyo anotenda maNdiri." Ichokwadi here, hama dzangu vashumiri? Ichokwadi. Vangani vaverengi veBhaibheri vanoziva kuti ichokwadi? "Matenga

nenyika zvichapfuura," asi Mashoko aKe haagoni kukundika. Akazvivimbisa izvozvo.

208 Zvino pane, pasina kupokana, vanhu vanorwara pakati penyu kunze uko. Handikuzivei, zvachose. Uye kuratidza zvandanga ndichitaura nguva yapfuura, seMutumwa waJehovha mumazuva akapfuura, mazuva akapfuura, kare, Jesu akati, "Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu." Muri kuona here zvandanga ndichitaura nezvazvo, mazita aye nezvimwe zvose panzvimbo, Chechi igere zvakanaka, muri kuzviona here? Zvino ndine chokwadi chekuti maverenga pakati pemitsara zvinhu zvandisina kutaura, mazviona zvandanga ndichireva. Zvino kana imi vanhu vari muno, vanorwara nevanoshaya, ndiri . . .

209 Ndine basa rei rekuve pano? Ndingave ndakamira pano nechinangwa chei, semunyengeri? Kana ndaidaro, yave nguva yekuti ini . . . Ini—ini handi—handishuviri kurarama. Ndi—ndi—ndingasva hangu ndafa. Ndi—ndingasva hangu ndabuda kunze ndova chimwe chinhu pane kuva munyengeri. Uye Mwari vachaitei kwandiri? Uye handizivi kuti ndichararama here husiku hwese, kana newewo. Asi munyengeri, tinoda kuva . . . Zvinobatsirei kuva munyengeri, kana uchigona kuva wechokwadi? Asi, munoona, haZvinzwisisike kwauri.

210 Zvino, tarisai, kana ndichitaura kuti Magwaro aya anofanira kuzadzikiswa, andaverenga ndikakuratidzai muhusiku 2 hwapfuura, zvaiva Jesu, zviri Hupo hwaKe zvino! Uye Anofanira kudzoka mumazuva okupedzisira, tinozviziva, kubudikidza nemunyama yemunhu, uye oZvizivisa nenzira imwe cheteyo. Tose tinozviziva izvozvo. Tinozviziva here? Itai, "Ameni," kana zviri izvo. [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino kuti munyaradzwe, ndinoti kwamuri, ndinotaura izvi kwamuri, muZita raKe: Ari pano, Mwari mumwe chete akaburuka akataura naAbrahama, akava nemusana waKe wakafuratira tende, naSara ari mukati metende, Aiziva zvaaifunga.

211 Akataura zvimwe chete paAkauya pano. Akatarisa paungano ndokuziva zvakanga zviri mumoyo mavo. Mumwe mudzimai akabata nguwo yaKe; Akatarisa-tarisa kusvikira Amuwana, ndokumuudza.

212 Bhartimeo bofu akabata hanzu yaKe, paakadanidzira, "Imi Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwireiwo tsitsi," akamira mayadhi 200 kubva paAkapfuura napo. Kutenda kwake kwakamisa Mwanakomana waMwari, munzira, ndokutendeuka akati, "Muunzei pano."

213 Zakeo mudiki ari kumusoro mumuti, akazvivanza, akati . . . saka aisatenda kuti Aiva Muporofitawo, zvakare. Zvino Jesu akanyatsouya, akamira pasi pemuti ndokutarisa mudenga, ndokuti, "Zakeo, buruka," ndokumudana zita rake.

214 Apo Jesu akanga asati amboona Petro, uye Andrea akanga amuunza ikoko. PaAkamuona achiuya, akati, "Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJonasi," akamupa zita rake, akamuudza kuti aiva ani.

Ndokuudza Natanieri paakanga ari, zvaakanga aita.

215 Mukadzi wacho, uye mhando yechinhano chaaiva machiri, zvaive dambudziko rake, ndizvo zvaive chirwere chake.

216 NdiMwari, shamwari! Vangani vanozvitenda nemoyo wako wese, iti, "Anofanira kunge ari Mwari"?

217 Vangani venyu vari muno vanoziva kuti hapana chinhu chimwe chete chandinoziva nezvenyu, simudza ruoko rwako, ingoti, "Ndinoziva kuti murume uyo haazive chinhu nezvangu, bedzi—bedzi anongovawo munhu zvake"? Ndizvo zvandiri, ndingori hama yenyu. Ndiri pano kuedza kukubatsirai.

218 Asi ndinozivisa! Vangani vakaverenga bhuku rangu nezvimwe? Munoziva, munozvitenda here kuti, iChokwadi? Ano ndiwo mazuva okupedzisira. Uye zvino Ishe Jesu vatibatsire.

219 Uye kana Vakauya manheru ano. . . Uye pasaite mumwe wenyu anofamba. Ingogarai muzvigaro zvenyu pamuri ipapo, mutende, uye Ishe Jesu vachauya manheru ano kuzosimbisa zvinhu izvi zvaVataura, zvinhu izvi zvaVavimbisa. Kana Vakazvisimbisa kuti iChokwadi, muchatenda kwaVari here? Tendai!

220 Baba voKudenga, zvino ndataura nezveNyu, izvo zvaMaiva, zvaMuri. Zvino Mungauyawo here panzvimbo? Uye vanhu avo vakagara kunze uko muungano, vatsva zvachose, MungaZvizivisawo here kwatiri manheru ano, Ishe, kuti tigoziva nekucherechedza kuti Magwaro aya akazadzikiswa, kuti "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi"? Zvino kana tiri kurarama mumazuva ekupedzisira, sezvaAkataura kuti Aizozvizarura mumazuva ekupedzisira, sezvaAkaita paSodhoma mwanakomana wevimbiso asati asvika kuna Abrahama, saka, Mbeu yeHumambo yaAbrahama iri kutarisira Mwanakomana weHumambo, zvimwe chete zvaizoitika. Uye tarisai kunyange kunzvimbo dzacho, nguva yacho, mazita acho, nezvese zviri mumutsara zvakakwana, Baba. Tibatsirei, tinonamata, muZita raJesu Kristu. Ameni.

221 Zvino ndinoda kuti munamate, mumwe nemumwe wenyu. Chero chipi chisina kumira zvakanaka, ingoMukumbira. Zvino ndiYe Muprisita Mukuru.

222 Gara zviya, vashumiri vangani vari muchivakwa, simudzai maoko enyu, kwese-kwese? Ndinofungidzira kuti kune 30 kana 40. Zvino vangani venyu vanozviziva izvi, kuti Bhuku raVaHebheru, Testamende Itsva, rinotiudza kuti iye zvino "Jesu Kristu ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu"? Ungasimudza here maoko ako

woti, "Ndinoziva kuti iChokwadi. Bhaibheri rinotaura kudaro"? Ndizvozvo chaizvo. Zvakanaka.

223 Zvino kana Ari Muprisita Mukuru, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Zvino kana waMubata manheru ano, Anoita sezvaAkaita kumashure uko. Ndizvo here? SezvaAkaita nezuro!

224 Zvino, mudzimai uya paakabata hanzu yaKe. Unoti, "Oo, asi dai ndaigona!" Kutenda kwako kunoibata. Zvepanyama, haAna kumbonzwa. Kwaiva kutenda kwemudzimai, kwakabata hanzu. Kutenda kwako kunogona kuMubata iko zvino. Unozvitenda here?

225 Zvino kana Shoko raMwari raratidzwa, Vanozarura chinhu chimwe chete ichocho uye voratidza chinhu chimwe chete. Unotenda izvozvo nemoyo wako wese here? Zvakanaka, zvino chingovimba naYe, Mutende. Usapokane. Asi iva nokutenda muna Mwari, kuti Achazviita. Mumwe munhu kuno *uku*, ingonamata uye wotenda nemoyo wako wose, zvino mumwe munhu nekuno *uku*. Uye kana Mwari vakatendera munhu 1 kana 2 vaunoziva, izvozvo hazvikundike, vangani venyu vachatenda zvino kuti tinocherechedza Hupo hwaVo? Zvino ndizvo zvoga zvine basa. Ndizvo zvoga zvine basa.

226 Mudzimai akagara apo chaipo, akanditarisa apo, ari kutambudzika nedambudziko remoyo. Munotenda here kuti Mwari vachapodza moyo, vokuitai kuti muite zvakanaka? Mune dambudziko remoyo. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Ndiri mutsva kwamuri here, handikuzivei? Asi ichokwadi, zvakanaka, imi, amai, mudzimai akachena musoro akagara apo. Zvakanaka.

227 Mudzimai ane girinhi, masimudza ruoko rwenyu apo, kuti imi—imi. . .Dambudziko renyu ndere arthritis. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, nearthritis? Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Maona? Zvakanaka. Maona? Zvangoitika kuti masimudza. . .Zvino chimwe Chinhu chauya pamuri, hachina here? Munoona, Chiedza icho. Vangani vakamboona mufananidzo weChiedza chacho? Hecho Chakarembera, pamusoro pemudzimai wacho chaipo. Kamwe-kamwe mamwe manzwiro unotapira chaiwo auya pamuri. Ndicho chazviita, munoona. Mwari vakuropafadzai, vakupodzai, vakupodzei. Munozvitenda here?

228 Munotenda here kuti Vanoziva zvakakanganisika nemi? Ndivo voga vanogona kukupodzai. Mumvuri mutema, pfari. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako, mudzimai wechidiki. Munofunga zvakasiyana zvishoma pane zvamaita maminitsi mashoma apfuura, handiti? Munoona pandamisa kudana ikoko, ndichiita izvozvo? Ndizvo zvazvaitirwa, zvanga zviri zvenyu. Zvino kana mukatenda nemoyo wenyu wese, pfari idzodzo

dzichakusiyai. Muchazvigamuchira here uye mozvitenda nemoyo wenyu wese? Mwari vakuropafadzei. Endai, zvitendei.

229 Mudzimai uyu akagara pano apa chaipo, ari kurwara nedambudziko remudumbu, munotenda here kuti Mwari vachakupodzai? Ipo pano kumucheto, munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, vokuitai kuti muite zvakanaka padambudziko remudumbu? Munodaro, munozvigamuchira here? Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei.

230 Ndiri mutsva zvachose kumudzimai uyu, handimuzive. Angori mudzimai akagara apo, asi Mwari vanozviita. Munotenda nemoyo wenyu wese here zvino? Zvakanaka, ingovai nekutenda.

231 Mudzimai akagara kumucheto kuno chaiko, ari kurwara nedambudziko renduru. Ane matombo emunduru, chiropa chinokunetsai. Kana zvirizvo, simudzai ruoko rwenyu. Ndiri mutsva zvachose kwamuri. Kana zviri izvo . . . Um-hum. Um-hum.

232 Mudzimai akagara pedyo nemi, ari kutambudzikawo, zvakare. Muri kuChiona, hamusi kuona here Chiedza icho pamusoro pemudzimai uyo? Mudzimai uyu ane dambudziko reitsvo. Ndizvozvo. Ane chepfu yeuremic muitsvo dzake. Ndizvo here, simudzai ruoko rwenyu. Mudzimai akubatai ipapo, ari kurwara nedambudziko re—rekuhuta-huta. Mose muri vatsva, hamusi vekuno. Ndizvozvo, handizvo here? Munobva kuIowa. Munobva muguta reDes Moines. Ndizvozvo, handiti? Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiudza kuti zita renyu ndiani, sezvaVakaita Petro? Kana mukatenda nemoyo wenyu wose! Zita renyu ndiMai Wolff. Ndizvozvo, simudzai ruoko rwenyu. Zvakanaka, dzokerai mapodzwa zvino, Jesu Kristu anokupodzai.

233 Munocherechedza here Hupo hwaKe, munoziva kuti Ari pano? Zvino hamungaise maoko enyu here pamusoro pomumwe nomumwe zvino, apo Mweya Mutsvene uri pamusoro penyu. Ndiwo Mweya Mutsvene uri pamuri. Zvino mumwe nemumwe wenyu anogona kupodzwa zvino kana mukangozvitenda. Munozvitenda izvozvo nemoyo wenyu wese here?

234 Baba veKudenga, hapana chasara zvino kunze kwekutenda. Zvino tinoramba rima rose. Apo rumutsiriro, sezvandataura pakutanga, saisai rakaburuka pamusoro pemvura kuti riibvongodze-bvongodze, ku—ku—kubvisa kusatenda mairi; zvino apo Mweya Mutsvene uri kufamba-famba nemuvanhu vari pano, dai kusatenda kwese kwabviswa, uye dai simba raMwari Samasimba rasunungura munhu wese ari kutambudzika manheru ano.

235 Ndinotsiura dhiyabhore. Satani, hausi chinhu kunze kwekuva munyengeri, uye wafumurwa ipo pano pakati pevanhu, nehumbowo hweMagwaro hwaJesu mupenyu akamuka.

Ndinokuraira, naMwari mupenyu, buda muvanhu ava uvasiye vaende, kuitira kubwinya kwaMwari.

236 Vose vanogamuchira kupodzwa kwenyu, mirai netsoka dzenyu zvino muti, "Ndinotenda. Zvisinei kuti chii chinoitika, zvinotora nguva yakareba sei, ndinongoziva kuti ndichapora. Ndinozvigamuchira, nemoyo wangu wese."

237 Simudzai maoko enyu zvino. "Maita heNyu, Ishe." Ishe ngavarumbidzwe. Ndizvozvo, Mupei rumbidzo. Zvino chingosimudzai maoko enyu muMurumbidze nekuda kwekupodzwa kwenyu, nenzira yamunoita nayo mumachechi enyu. Hama . . .

64-0618 Hupo HwaMwari Husina Kucherechedzwa
Municipal Auditorium
Topeka, Kansas U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org